ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№81 (24.207) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 8, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Республикэм эпидемиологие щытыкІэр щыгугъущ, ауэ я нэІэ щІэтщ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 6-м иригъэкІуэкІащ Коронавирус уз зэрыцІалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр къыззрыязгъэпэщым, а узыфэм зэрыпэщІэтым теухуа Іуэхухэр зэкІэлъызыгъакІуэ оперативнэ штабым и зэІущІэр.

ЩІЫНАЛЪЭМ и Іэтащхьэм къыхигъэщащ щытыкІэр зэрыгугъур, ауэ я нэІэм зэрыщІэтыр. Абы жиІащ пандемиемэ щыщІидза яп лъэхъэнэхэм еГьытауэ, сымаджэ хьуэхр иджыпсту зэрынэхъыбэр, реанимацэхэм щІэхуэхэм я бжыгъэми зэрыхэхьуэр. Мы зэманым лажьэ госпиталитІым гъуэлъыпІэ 580-рэ щІэтщ, цыху 459-м щоІэзэ, абыхэм ящыщу 10-р сабийщ. Реанимацэхэм сымаджэ 59-рэ щІэлъщ. Реанимацэ дэІепыкъунигъэ цІыху нэхъыбэ хуэныкъуэ зэрыхъуэм къыхэкІыу госпиталыщІэхэр кьыззІухьижьын хуей мэхъу.

Зэман гъунэгъум КЪалэ клиникэ сымаджэщ №2-м къыщыізІуахьнуц узыфэ зэрыщІалэ нэхъ ныкъуэ зэхэр зыпхъырытхэм щеІззэну, гъуэлъыпІэ 200 зыщІэтыну госпиталь. Республикэм и Іэтащхьэм зыхуэфащэ ІэнатІэхэм пщэрылъ ящищІащ Прохладнэ кЪалэ округым, Прохладнэ, Шэджэм, Тэрч муниципальнэ щыналъэхэм я сымаджэщ нэхъыщхьэхэр, апхуэдэущ СПИДмрэ узыфэ зэрыщІалэхэмрэ яп щІэтыныкІэ центрыр госпиталхэр къыщыізІухьи цІыху куэд дыдэ зэуэ зэрыззрымыцІэлэжьр вакцинэ зыхезыгъаЛъхьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуам зэрифІыгъэр. Абы гулъытэ хэха хуищІу къыхигъэщащ вакцинэм и зэ хэІуГуэм фІэкІа зыхамылъхьа, узым пощІэтыфыным хуэдиз пкъыгъуэхэр зи Іэпкъльэпкъым зэкІэ куэду хэмылъу сымаджэ хуэхэхэм узыфэр нэхъ къаймыхьэлъэкІыу зэрапхъырыкІыр. Узыфэм нэхъ зэрызиубгъужам и щхьэусыгъуэу Пагуэм кьигъэльэгъуащ республикэм щыпсэуэхр ягъэува мардэ тКІийжэм зэрытемытыр, медицинэ нэкІыІуГпхъуэхэр зэраІумылъыр, тэмэму узыфэм зэрызыщамыхъумэр. Абы къыхилъхьащ эпидемиологие щытыкІэр нэхъри екІакІуэмэ, мардэ тКІийжэм зэрыхуэкІуэнум теухуа чэнджэщхэр ягъэхьэзырыну, къэблэгъа дин мазухэшхуэхэм цІыху куэд зэхихьэу узыфэм зиубгъункІэ зэрышынагъуэр кьилъытэри.

КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам зэрыжиІамкІэ, госпиталхэм щІэт гъуэлъыпІэхэм я бжыгъэр зы мазэм кьрибыдэу хуэди 3,2-кІэ нэхъыбэ ящІащ, сымаджэхэр - хуэди 2,7-кІэ, кислородкІэ яГьэбауэ сымаджэхэр - хуэди 2,9-кІэ, реанимацэхэм щІэлъхэр - хуэди 2,2-кІэ нэхъыбэ хуэщІ. Министрым жиІащ коронавирус узыфэр кьайуэлІауэ амбуЛаторнэу яГьэхъужхэм я бжыгъэр 807-рэ зэрыхъур, абыхэм ящыщу 86-р зэрыСабийр.

Къалэбатэ Рустам къыхигъэщащ сымаджэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкІыу узыфэ зэрыщІалэ шынагъуэхэр зыпкърытхэр щагъэхъуж госпиталхэм щыІэ медицинэ лэжьакІуэхэм я бжыгъэри нэхъыбэ ящІыбэ хуей зэрыхъуар. Иджыпсту а лэжьыгъэм пэрытщ медицинэ лэжьакІуэ 421-рэ, абыхэм ящыщу 107-р дохутырщ. Сменищу лэжьэн хуейуэ къаззрыхуДэкІам къыхэкІыу узыфэ зэрыщІалэ нэхъ шынагъуэхэр зыпкърытхэм еІззэ сымаджэщхэм я лэжьакІуэхэм зыгъэпсэхупІэ унэу тІу хухахащ, я Іэнатіэм кьыпэрыкІыжа нэужь абы щыІэну.

Министрым зэІущІэм хэтхэр щыгуазэ ищІащ яп хэІуГуэу вакцинэр зыхалъхьахэм я бжыгъэр ба-дзэуэгъуэм и 6-м ирихьэлІэу цІыху 78930-рэ, етІуанэ хэІуГуэр зрахьэлІахэр 43284-рэ зэрыхъур. Вакцинэр яхэлъхьэнымкІэ бжьыпэр яІыгъщ Прохладнэ кЪалэ округым, Іуащъхьэмахуэ, Май щыналъэхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм и кІэм пщэрылъ ящищІащ эпидемиологие щытыкІэр екІакІуэмэ яГьэувыну мардэ пыухыкІахэр яубзыхуну, медицинэ лэжьакІуэхэм я упахуэр тэмэму зэрыратым, амбулаторнэу зэІззэ сымаджэхэр хущъхьэхэмкІэ къыззрызэгъэпэща щыкІэм зэпымыууэ я нэІэ трагъэтыну, мастэр яхэІуным епха гуп хэхахэр Іэхуущ Іапіэхэм кІуэурэ вакцинэр цІыхухэм халъхьэну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къэралыр зрикъун къыщалэжьыфынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 6-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ Іущ Іащ Іуащ ьэмахуэ щІыналъэм щыІэ щІэлъ хъугъуэфІыгъуэхэр къыщІэхьныкмкІэ, абыхэм елэжьынымкІэ щыІэ комбинатым и генеральнэ директор Ушаков Игорь.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Тырныауэ деж вольфрамрэ молибденрэ къыщыщІэхьнымк, абыхэм елэжьынымкІэ щІэлъ хъугъуэфІыгъуэхэр къыщІэхьнымкІэ, абыхэм елэжьынымкІэ щыІэ комбинатым и генеральнэ директор Ушаков Игорь.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Тырныауэ деж вольфрамрэ молибденрэ къыщыщІэхьнымк, абыхэм елэжьынымкІэ щІэлъ хъугъуэфІыгъуэхэр къыщІэхьнымкІэ, абыхэм елэжьынымкІэ щыІэ комбинатым и генеральнэ директор Ушаков Игорь.

Ушаков Игорь жиІащ щІыпІэм щІэлъ мывэ лІэужьыгъуэхэм я куэдагъым, фІагъым ехьэлІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрызэфІагъэкІар, иджы къэхутахэр зэпэлъытыжьыным яужь зэритыр. Бгы комбинатыр ухуэнымрэ ар гъэлэжьэнымрэ дыкъэзэуухурэихь дунейм зэрыхэзэгъэну щыкІэхэр щызэпкърыха проектнэ тхьилъхэр яГьэхьэзыращ.

Комбинатым теухуа инвестицэ проектым хьихьэ лэжьыгъэхэр энергоресурсхэмрэ гъуэгу инфраструктурэмкІэ къызэгъэпэщыным теухуа Іуэхуэхэр ioкІуэкІ. «Россети Северный Кавказ», «Газпром газораспределение» Іуэхущ Іапіэхэм езыхэм я мылъкукІэ пащІэнущ ухуэныгъэхэр хуабэ къаурэр газкІэ къызззыгъэпэщыну гуэшыпІэхэм. Дыззрыт ильэсым и шыщхьэІУ - фокІадэ мазэхэм яужь ихьэнуц ухуэныгъэр щІагъэкІуэжІыну щІыпІэр абы хуагъэхьззырным, автомобиль гъэзгу абы екІуалІэу яукъуэдиныным.

ЩІым щІэлъ хъугъуэфІыгъуэу абдеж къыщыщІахьнымрэ зэлэжьынымрэ ильэсым тонн мелуан 1,5-рэ хуэдиз хъуну кьалъытэ, абы УФ-м хамэ къэралхэм апхуэдэ продукцэ кьришьын хуэмеижу къызэригъэпщІыфынуц. Проектыр щагъэзащІэкІэ лэжьапІэ Іэнатіэ цІыху 800-м хуэдизым яГьэтынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Іущ Іащ УФ-м и Лъэпкъ гвардием Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм щиІэ дзэхэм я унафэщІу ягъэува Захаров Сергей

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 7-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ епсэльащ Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм щиІэ дзэхэм я унафэщІу Захаров Сергей, Урысей Федерацэм и Президентым 2021 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 7-м къыдигъэкІа Указымкіэ а къулыкъум ягъэувам.

КЪУЛЫКЪУЩІЭХЭР тепсэлъыхьащ къэрал властым и органхэмрэ Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэмрэ щІыналъэм зэрыщІэздзэлажьэну щІыкІэм, апхуэдэуи Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я упраленэу КЪБР-м щыІэм зэфІигъэкІахэми хэлъхьжащ. ЦІыхухэм я шынагъэншагъэр къызэгъэпэщыным, адэкіи купщІафІэу зэдзэлажьэным хуэунэтІа къалэнхэмрэ унэтІыныгъэхэмри щаубзыхуащ зэІущІэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Бадзэуэгъуэм и 8-р Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжьыным я махуэщ

Жылагъуэм и быдапІэ лъэщ

Нобэ ди къэралым щагъэлъапІэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжьыным я махуэр. УФ-м и Президентым 2008 гъэм къыдигъэкІа Унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ махуэшхуэр. «Унагъуэр быдэмэ, къэралыр лъэщ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Ар пэжщ, сыту жыпІэмэ унагъуэр къэралым и зы Іыхьэщ, жылагъуэми и быдапІэ лъэщщ. Аращ къыщежьэр цІыхухэм яхэлъ хьэл дахэхэм я ныкъыбапІэр: лъагъуныгъэри, пщІэри, нэмысри, гумащІагъри, пэжыгъэри...

АПХУЭДИЗ мыхьэнэ цІыху гъащІэм щызыІэ унагъуэм гулъытэшхуи щегъуэт ди хэкум. Махуэшхуэр къэрал псом зэрыщІэтым и мурад, нэхъыщхьэр унагъэшхуэхэм, быныфІ къызыщІэува зэщхьэгъусэхэм, зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу зэдэпсэу, жылагъуэм щапхъэу къыщІахь ди нэхъыжьыфІхэм пщІэ хэха, гулъытэ яхуэщІынырц. Илъэс 25-рэ нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ апхуэдэу екІуу кьызэдэгъуэгурыкІуэ зэщхьэгъусэхэм пащІэ ягъэралым щагъэзыващ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжьынымрэ» медалыр, щІыхь, фІыщІэ тхьилъ хэзгъэр.

Жьыжь щыІэщ махуэшхуэм и къежьапІэр. Тхьідэм къызэрыщІагъэльэгъуамкІэ, ар епхащ Владимир щІыналъэм щыпсэу мэкъумэшыщІэ унагъуэм кьыхэкІа Февроние пщащэмрэ Муром кьалэм и пщыуэ XVI лІэщІыгъуэм щыта Пётрэ яхьу дэлъа лъагъуныгъэ кьабзэм. КьыщыхэкІа социальнэ гупхэм я зэхуэмыдэныгъэм емылытагъуэ, ахэр насыпыфІэу, зэгурыІуэу, нэмыс яку дэлъу куэдрэ зэдэпсэуауэ кьыхощІыж кьыбаРыуэ. Зэхуэпэжу иІъэсхэр зэдзэзыхьа зэщхьэгъусэхэр зы махуэм, бадзэуэгъуэм и 8-м, дунейм ехьжащ.

Махуэшхуэр гъэлъэпІэнымрэ 2002 гъэм кьыхалъхьауэ щытащ муромдзэхэм. Илъэс зыбжанэ дэкІри, абыхэм я жэрдэмыр ядиІыгъащ УФ-м и Къэрал Думэм иКІи абы ижьыкІэщ къэрал Іэтащхьэм абы теухуа Унафэ кьыщыдигъэкІар. А гуфІэгъуэ махуэм езым и дамыгъи иІэжащ: ар шынэ-шынэ (ромашка) удэ гъаГьэращ. ЗэрыжаІэмкІэ, а удэ гъагъэ хужь щыкІур куэдым фІыуэ ялъагъу, къабзагъэмрэ гуапагъэмрэ я нэщэнэуи кьалъытэ. Февролиерэ Пётрэ я фэеплъыр яГьэльапІэу, зэгуэкІуэ пщащэхэмрэ щІалэхэмрэ ящыщ куэдым я хьэгъуэлІыгъуэр бадзэуэгъуэм и 8-м трагъахуэ, зи цІэ кьитІуа щихьэхэр зэрыщытам хуэдизу фІыуэ зэрыльагъуу, зэрыльагъу, зэхуэпэжу, насыпыфІэу зэдзэпсэуныр я хъуэпсапІэу.

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжьным я махуэр зытехуэ бадзэуэгъуэм и 8-р ди Урысей Федерацэм лжьэгъуэ махуэу щыщытми, ар гулъытэншэ ящІыркъым къэрал унафэщІхэм. Дуней псор зэщІэзыубыда пандемием и зэранкІэ а махуэр, нэхъапэм хуэдэу, мы лъэхъэнэм Іэтауэ яГьэльапІэркъым, зэкуэсыщхуэхэр, дауэдапщэхэр иращІэкІыркъым. АтІэми, мазухэшхуэм иІэ мыхьэнэр абы игъэльахъшэркъым. Ар гъэлъэпІэным къыхуэзрагъэпэща къэралпсо комитетым кьыбгъэдэкІ цІэ лъапІэхэр, щІыхь, фІыщІэ, щытхъу тхьилъхэр хуагъэфащэ жылагъуэм пщІэ щызыІэ, зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу псэу, нэмыс зи зэхуаку дэлъ, щІэблэ гъэса кьызэщІэхъуэ зэщхьэгъусэ щыпкъэ куэдым. Апхуэдэу онлайн щытыкІэм иту ирагъэкІуэкІ «Илъэсым и унагъуэ», «Унагъуэр лъэпкъ хабзэхэм я хъумакІуэщ» урысейпсо зэпеуэхэр, «Си унагъуэ» сурэт зэхьэзэхуэр, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри. Абыхэм щытекІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу унагъуэ дахэ куэд.

УФ-м и унафэщІхэм зэрагъэувауэ, къэрал мыхьэнэ зиІэ унэтІныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу ягъэув унагъуэм, сабийжэм ехьэлІа Іуэхугъуэ псори. ЖыпІэнчэрамэ, бын зыпІ унагъуэхэм ди къэралым хуищІ гулъытэм ильэс къэс хохьуэ. А унэтІныгъэм хуолажьэ программмэ щхьэхуэхэр, быныр пІыным, псэупІэ унэхэр егъэфІэкІуэным, унагъуэр зыхуей-зыхуэфІкІэ кьызэгъэпэщыным, нэгъуэщІхэми хуэгъэпсауэ. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, бын зыгъуэт унагъуэхэм къэралым социальнэ и лъэныкъуэкІэ зэрызащІигъакъуэр. Абы мыхьэнэщхуэ иІэщ унагъуэр хъума хъун, зэщхьэгъусэхэм яку псалъэмакъ мыщхьэпэхэр кьыдэмыхьэун пащІэ, сыту жыпІэмэ «фІыуэ ялъагъу я гъусэмэ, пщыІэм щІэсми арэзыхэр» мащІэ дыдэщ, щІэблэр зыхуей-зыхуэфІкІэ кьызэгъэпэщыным, гъэсэным, щІэныгъэрэ Іэщ Іагъэрэ етыным епха жэуапІыныгъэр иджыдей адэ-анэхэм, зэщхьэгъусэхэм нэхъ кууэ зыхащІэри. Кьинэмыщ Іауэ, а дэІэпыкъуныгъэхэм иригъэфІакІуэ щыналъхэм щыщІэ демографие щытыкІэр, сабий зэзызгъэгъэтыну хуей унагъуэхэри абы нэхъри трегъэгушхуэ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм мы зэманым щолажьэ бын зиІэ унагъуэхэм социальнэ ядэІепыкъуным хуэгъэпса программэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, кьапщтэмэ, сабийхэм зэ тыгъуэу е мазэ къэс ират пособиехэр, гъэсапІэхэм екІуалІэ щІыкІэхэм папщІэ ят пщІэм щыщ процент бжыгъэ адэ-анэхэм зэрыхуагъэкІуэжьри, бын куэд зыпІ унагъуэхуэхэм псэупІэ Іуэхутхьебзэхэм щІат пщІэм и Іыхьэ гуэрым кьызэрригъэзэжьри, республикэм и сабий гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэхэм пщІэншэу бынхэр зэрыщыбгъэІэсфІэр, нэгъуэщІхэри.

Дэ тщыщ дэтхэнэми ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэм епха нобэрей махуэшхуэмкІэ псомкІи дыныВохьэхуэ. Фи унагъуэхэм иІ къалъыныгъэмрэ пэжыгъэмрэ, зэгурыІуэныгъэмрэ гуапагъэмрэ хэхъуэ зэпыту, щІэблэ узынШэ кьыфщІэхъуэу, насыпыфІэу, мурад дахэу фиІэжр кьывзхъулІэу фыпсэуну ди гуапэщ. Къэралми и зэІузэпэщыныгъэр гуапагъэмрэ хэхъуэ зэпыту, щІэблэ узынШэ кьыфщІэхъуэу, насыпыфІэу, мурад дахэу фиІэжр кьывзхъулІэу фыпсэуну ди гуапэщ. Къэралми и зэІузэпэщыныгъэр гуапагъэмрэ хэхъуэ зэпыту, щІэблэ узынШэ кьыфщІэхъуэу, насыпыфІэу, мурад дахэу фиІэжр кьывзхъулІэу фыпсэуну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтхэр щІэныгъэмрэ инновацэхэмрэ я Іэнатіэм ехъулІэныгъэхэр кьыщызыхьа лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэм етыным теухуауэ щыІэ Советым кьыхилъхьа чэнджэщхэм сыхэплъауэ унафэ сощІ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтхэр щІэныгъэмрэ инновацэхэмрэ я Іэнатіэм щылажьэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм 2021 гъэм къахьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ етыным икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтхэр щІэныгъэмрэ инновацэхэмкІэ зыхуагъэфащэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэ цІэр яфІэщын:

Будаев Алим Хьэдис и къуэм, Гидрометеорологиемрэ дыкъэзэуухурэихь дунейм зэрызихъужьым кІэлъыплъыныбжьІэ къэрал къулыкъущІапІэм и «Бгы Іьагэ геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапіэм физикэмкІэ и кЪудамэм пшэхэм я зэхэлъыкІэр зыдж и лабораторэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщІэм, - Щ Іым теухуа щІэныгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуа къэхутэныгъэхэр зэрыригъэкІуэкІам папщІэ;

Нарожнов Виктор Валерий и къуэм, «Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іуэхущ Іапіэм и кЪудамэм - прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ институтым автоматизацэмкІэ и лабораторэм и щІэныгъэ лэжьакІуэм, - пкъыгъуэхэр щыщІиупскІэкІэ, щызэхьэхэуэкІэ къэхуэхэр зэхуэтэныгъэхэр зэрыригъэкІуэкІам папщІэ;

Хъэжокъуэ Людмилэ Борис и пхъум, «Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іуэхущ Іапіэм и кЪудамэм - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкІэ и кЪудамэм и унафэщІм, - гуманитар щІэныгъэхэм щызэфІигъэкІа щІэныгъэ лэжьыгъэхэм папщІэ;

Хъэжмэт Алианэ Лиуан и пхъум, «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ зэхьэщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм техникэ механикэмрэ физикэмкІэ и кафедрэм и ассистентым, - Іьэ щхьэм пхъэщхьэмщхьэ жьигъэщыгъэкІым хуэщхьэпэну, кьарурэ мылъкурэ кьыдэзыгъэхуэну, щыуэпсми зэран хуэмыхьыну щІэныпхъэхэмрэ Іэмалхэмрэ зэрызэхилъхьам папщІэ;

Хъэкіуащэ Инарэ Аслъэн и пхъум, «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и кафедрэм и ассистентым, - Іьыдэуей, гу узыфэхэр зиІэ сымаджэхэм атеросклерозыр, артериосклерозыр къаззэрефыкІ щыкІэхэр зэхэгъэкІыным, Іьынтхуэхэр тКІий щІэхъу, эндотелийхэм я кьалэныр щІамыгъэзащІэ щхьэусыгъуэхэр къэхутэным хуэгъэза къэпщытэныгъэхэр ириГъэкІуэкІыу абыхэм къырикІуахэр я лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп зэрыхьуам папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м
№76-УГ

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иригъэкІуэкІащ гъатхэ лэжьэгъуэм и иужьрей зэІущІэр. Комитетым хухах сыхьэтым хыхьэу, КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеслав абы щытепсэлъыхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и Іуэхущ Іапіэхэмрэ я депутатхэр хэхьыным зэрызыхуагъэхьэзырым.

ХЭХЫНЫГЪЭХЭР 2021 гъэм фокІадэм и 19-м трауХуащ. УФ-м и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм ищІа унафэм ипкъ иткІэ, Іэ Іэтыр махуищым тещІыхьауэ кьызэрагъэпэщынущ, фокІадэм и 17-м кьыщыщІдзауэ и 19 пщІондэ.

Іэ Іэтым зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымрэ кьызэрагъэпэщІынущ щыІналъэ хэхьпІэу 13-мрэ участковэ хэхакіуэ комиссэу 355-мрэ. Іэ Іэтым кьрикІуахэм теухуауэ ягъэхьэзыр протоколхэр нэхъ псынщІэу «Хэхыныгъэхэр» ГАС системэм иралъхьэн папщІэ къагъэсэбэпынущ код хэхахэмкІэ компьютерым кьызэрипщытэ Іэмалыщ Іэр. Апхуэдэуи бюллетенхэр къззыпщытэ комплексхэмкІэ кьызэгъэпэщауэ щытынущ хэхьпІэ 65-р. Іэ Іэтыр щекІуэкІыну пэшхэм я процент 80-м видеокамерхэр щІэтынущ. «Мобильнэ хэхакіуэ» Іэмалри щыІэжьынущ кьыпІэщыльэ хэхыныгъэхэм - цІыхур хуитщ, здэпсэу щІыпІэм емылъытауэ, УФ-м и хэхьпІэ сыт хуэдэми екІуалІэу Іэ иІэтыну.

УФ-м и ФС-м и Къарал Думэм и депутатхэм я еянэ зэхьхьэгъуэм и хэхыныгъэхэм хэтыну хуитыныгъэ яІэщ политикэ парт 32-м. Абыхэм ящыщу 14-м пауЫдыкъым я хэхакіуэхэм я Іэщ Іэдзыр зэхуахьэсын хуейуэ.

Политикэ партхэм я зэхуэсхэм кьызэрагъэльэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр хохьэ политикэ партхэм я щІыналъэ гупищым: «Урысей зэкъуэт», «КПРФ», «Захуагъэ зэдзщІэ Урысей».

Республикэм хэхыныгъэхэм кьызэрыхураджэ Іуэхугъуэу 122-рэ щрагъэкІуэкІынущ, абы щыщу 112-р - кьуажэхэм, 7-р - жылагъуэ теплъэ зиІэ кьалэхэм, 3-р - кьалэ округхэм.

Іэ Іэтыр зэІуахуэ екІуэкІын хуэдэу, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм кІэлъыплъакІуэ 710-рэ кьыхихащ.

2021 гъэм и пэщІдзэм иралъхьэІуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хэхакіуэхэр цІыху 539 108-рэ мэхъу.

Коронавирус узыфэм зрамыгъэубгъун папщІэ, «Роспотребнадзор»-м пщэрылъ кьащищІар яГьэзащІэу, хэхыныгъэхэм хэтыну псори кьызэрагъэпэщынущ зэрызахъумэж хьэпшыпхэмкІэ.

- Хэхыныгъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи зэІухауэ, хабзэм тету республикэм зэрыщедгъэкІуэкІынри ди къару псори идохьэлІэ, цІыхухэм яІэ хуитныныгъэхэм ящыщу УФ-м и Конституцэм кьыщыгъэльэгъуа зы Іуэхугъуэшхуэм хэтыфын папщІэ, - кьыхигъэщащ **Джэш Вячеслав.**

КЪБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щыпІэ унафэр зехьэныкІэ и комитетым и унафэщІ **Мэлбахъуэ Борис** зэІущІэм щытепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІ хабзэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэм.

Егоровэ Татьянэ КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм кьыпэщыльэ лэжьыгъэхэр кьехъуІэну ехъуэхуауэ:

- Шэч кьытетхьэркъым хэхыныгъэхэм республикэм зыхуей хуэзауэ зэрызыхуигъэхьэзырынум. Абы и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр адрейхэм сыт щыгъуи къахощ. Ди республикэм щыпсэуэхэм жыджэру Іэ зэралэтми къегъалъэгъуа я Іуэхум и мыхьэнэр дэтхэнэми кьызэрыгурыІуэр. Нэхъыщхьэ дыдэр лэжьыгъэр тэмэму, нэрылъагъуу егъэкІуэкІынырц. КЪБР-м и Парламентри хущІэкъунущ мы Іуэхум екъэлІа и пщэрылъхэр игъэзэщІну, цІыхухэм ядэлажьэну.

Зэ Іущ Іэм щыжалаэхр къэльытауэ, гулъытэ зыхуащІыпхъэхэр ягъэбелджылащ.

Кьищынэмыщ Іауэ, депутатхэр хэлъхьэн щІадзащ КЪР-м Административнэ хабзэншагъэхэмкІэ и Кодексым, «Щ Іэкіуэным епха Іуэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ» КЪР-м и Законым, нэгъуэщІхэми халъхьэну зэхъуэкІыныгъэхэм, мафІэс шынагъэншагъэм, щІэныгъэм, егъэджэныгъэм ехьэлІа федеральнэ законэм я проектхэмрэ жэрдэмхэмрэ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Зэ Іущ Іэхэр

Іэ Іэтыр махуищкІэ екІуэкІынущ

Нобэ ди къэралым щагъэлъапІэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжьыным я махуэр. УФ-м и Президентым 2008 гъэм къыдигъэкІа Унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ махуэшхуэр. «Унагъуэр быдэмэ, къэралыр лъэщ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Ар пэжщ, сыту жыпІэмэ унагъуэр къэралым и зы Іыхьэщ, жылагъуэми и быдапІэ лъэщщ. Аращ къыщежьэр цІыхухэм яхэлъ хьэл дахэхэм я ныкъыбапІэр: лъагъуныгъэри, пщІэри, нэмысри, гумащІагъри, пэжыгъэри...

АПХУЭДИЗ мыхьэнэ цІыху гъащІэм щызыІэ унагъуэм гулъытэшхуи щегъуэт ди хэкум. Махуэшхуэр къэрал псом зэрыщІэтым и мурад, нэхъыщхьэр унагъэшхуэхэм, быныфІ къызыщІэува зэщхьэгъусэхэм, зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу зэдэпсэу, жылагъуэм щапхъэу къыщІахь ди нэхъыжьыфІхэм пщІэ хэха, гулъытэ яхуэщІынырц. Илъэс 25-рэ нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ апхуэдэу екІуу кьызэдэгъуэгурыкІуэ зэщхьэгъусэхэм папщІэ ягъэралым щагъэзыващ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжьынымрэ» медалыр, щІыхь, фІыщІэ тхьилъ хэзгъэр.

Жьыжь щыІэщ махуэшхуэм и къежьапІэр. Тхьідэм кьызэрыщІагъэльэгъуамкІэ, ар епхащ Владимир щІыналъэм щыпсэу мэкъумэшыщІэ унагъуэм кьыхэкІа Февроние пщащэмрэ Муром кьалэм и пщыуэ XVI лІэщІыгъуэм щыта Пётрэ яхьу дэлъа лъагъуныгъэ кьабзэм. КьыщыхэкІа социальнэ гупхэм я зэхуэмыдэныгъэм емылытагъуэ, ахэр насыпыфІэу, зэгурыІуэу, нэмыс яку дэлъу куэдрэ зэдэпсэуауэ кьыхощІыж кьыбаРыуэ. Зэхуэпэжу иІъэсхэр зэдзэзыхьа зэщхьэгъусэхэр зы махуэм, бадзэуэгъуэм и 8-м, дунейм ехьжащ.

Махуэшхуэр гъэлъэпІэнымрэ 2002 гъэм кьыхалъхьауэ щытащ муромдзэхэм. Илъэс зыбжанэ дэкІри, абыхэм я жэрдэмыр ядиІыгъащ УФ-м и Къарал Думэм иКІи абы ижьыкІэщ къэрал Іэтащхьэм абы теухуа Унафэ кьыщыдигъэкІар. А гуфІэгъуэ махуэм езым и дамыгъи иІэжащ: ар шынэ-шынэ (ромашка) удэ гъаГьэращ. ЗэрыжаІэмкІэ, а удэ гъагъэ хужь щыкІур куэдым фІыуэ ялъагъу, къабзагъэмрэ гуапагъэмрэ я нэщэнэуи кьалъытэ. Февролиерэ Пётрэ я фэеплъыр яГьэльапІэу, зэгуэкІуэ пщащэхэмрэ щІалэхэмрэ ящыщ куэдым я хьэгъуэлІыгъуэр бадзэуэгъуэм и 8-м трагъахуэ, зи цІэ кьитІуа щихьэхэр зэрыщытам хуэдизу фІыуэ зэрыльагъуу, зэрыльагъу, зэхуэпэжу, насыпыфІэу зэдзэпсэуныр я хъуэпсапІэу.

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжьным я махуэр зытехуэ бадзэуэгъуэм и 8-р ди Урысей Федерацэм лжьэгъуэ махуэу щыщытми, ар гулъытэншэ ящІыркъым къэрал унафэщІхэм. Дуней псор зэщІэзыубыда пандемием и зэранкІэ а махуэр, нэхъапэм хуэдэу, мы лъэхъэнэм Іэтауэ яГьэльапІэркъым, зэкуэсыщхуэхэр, дауэдапщэхэр иращІэкІыркъым. АтІэми, мазухэшхуэм иІэ мыхьэнэр абы игъэльахъшэркъым. Ар гъэлъэпІэным къыхуэзрагъэпэща къэралпсо комитетым кьыбгъэдэкІ цІэ лъапІэхэр, щІыхь, фІыщІэ, щытхъу тхьилъхэр хуагъэфащэ жылагъуэм пщІэ щызыІэ, зэгурыІуэрэ зэ

Я махуэр ягъэлъапIэу

КЪБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ Урысейм и Къарал автоинспекцэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 85-рэ зэрырикъум теухуа махуэшхуэ зэIущIэ.

ГИБДД-м (ГАИ)-м и лэжьакIуэхэм я махуэр щагъэпъапIэ зэIущIэм хэтащ Къэбардей-Балъкъэр Республикэм къарал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру щыIэ полицэм и генерал-майор **Павлов Василий**, КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь **Тату Къазбэч**, КЪБР-м транспортымрэ гъэдэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДышцкI Аслъэн**, КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Аникушинэ Татьянэ**, Урысей МВД-м и Краснодар университетым и къудамэ, Iэщlагъэм хагъэхъуэнымкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и унафэщI полицэм и полковник **Щхьэгъэпсо Заурбий**, КЪБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Мэкъушэ Руслан**. Кърагъэблагъэ хьэщIэ лъапIэхэм ящыщт «Сбербанк» ПАО-м и Къэбардей-Балъкъэр къудамэм и унафэщым и къуэдзэ **Уэзрокъуэ Аэзмэт**, КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и Перинатальнэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Гаевэ Алёнэ**, махуэшхуэр зыгъэлъапIэ кIуныкъум щыIэх зиIэ и ветеранхэр.

Павлов Василий къызэхуэсахэм защIихуигъаззэм кIыхьичъыщащ Iэнатlэм къулыкъум щыIэх зиIэ и ветеранхэр.

Къарал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм я лэжьыгъэм пщIэшхуэ кIыхьиущащ Урысейм Къарал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министерствэм Гъуэгум шынагъуэншэу щыIэкIуэнырыр кIыззгъэпэщыныкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщым. КЪБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм ялъэгъуащ Урысей МВД-м и ГУОБДД-м и унафэщI полицэм и генералейтенант Черников Михаил кьаззрехъуэхъуар. «Къарал автоинспекцэм щIэгъэкъуэнныщхуэ и1эщ нобэ, щIыналъэхэм я автопархкэр ирагъэфIэкIуащ, я1ярихьащ я щытын къалэн мытынщыр жэщ-махуэ ямыIэу зэрыраухьэкIым, я Iэщlагъэм зэрыхуэIэижьым, абы зэрыхуэпэжым папщIэ министрым фIыщIэ я1ущащ зи махуэр зыгъэлъапIэхэм.

КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Тату Къазбэч къарал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ ехьуэхъури, я лэжьыгъэм адэкIи ехьулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну, унагъуэ зыIуэзэщ я1ену зэрригуапэр я1кри1ащ.

Къарал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм я лэжьыгъэм пщIэшхуэ кIыхьиущащ Урысейм Къарал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министерствэм Гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныр кIыззгъэпэщыныкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщым. КЪБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм ялъэгъуащ Урысей МВД-м и ГУОБДД-м и унафэщI полицэм и генералейтенант Черников Михаил кьаззрехъуэхъуар. «Къарал автоинспекцэм щIэгъэкъуэнныщхуэ и1эщ нобэ, щIыналъэхэм я автопархкэр ирагъэфIэкIуащ, я1ярихьащ я щытын къалэн мытынщыр жэщ-махуэ ямыIэу зэрыраухьэкIым, я Iэщlагъэм зэрыхуэIэижьым, абы зэрыхуэпэжым фIыщIэ я1ущащ зи махуэр зыгъэлъапIэхэм.

КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Тату Къазбэч къарал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ ехьуэхъури, я лэжьыгъэм адэкIи ехьулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну, унагъуэ зыIуэзэщ я1ену зэрригуапэр я1кри1ащ.

Къарал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм я лэжьыгъэм пщIэшхуэ кIыхьиущащ Урысейм Къарал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министерствэм Гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныр кIыззгъэпэщыныкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщым. КЪБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм ялъэгъуащ Урысей МВД-м и ГУОБДД-м и унафэщI полицэм и генералейтенант Черников Михаил кьаззрехъуэхъуар. «Къарал автоинспекцэм щIэгъэкъуэнныщхуэ и1эщ нобэ, щIыналъэхэм я автопархкэр ирагъэфIэкIуащ, я1ярихьащ я щытын къалэн мытынщыр жэщ-махуэ ямыIэу зэрыраухьэкIым, я Iэщlагъэм зэрыхуэIэижьым, абы зэрыхуэпэжым фIыщIэ я1ущащ зи махуэр зыгъэлъапIэхэм.

КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Тату Къазбэч къарал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ ехьуэхъури, я лэжьыгъэм тэмэму зэрагъэзащIэм папщIэ.

Къыззхуэсахэм ягу къэгъэкIыжащ я къалэн ягъэзащIэр зэрыхуэхъуэр я лэжьакIуэм я1ыгъуэ 54-м я щIэхэр, я фэепIым пщIэ хуащIу дакъикъэкIи щымащ.

Махуэшхуэ зэхьихьэм хэтахэм псалъэ гуапэкIэ зэхуигъэзащ КЪР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и Управленэм и унафэщI полицэм и подполковник **Яльмеев Роберт**. Абы фIыщIэ яхуищIащ Къэбардей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м и унафэщIхэм республикэм и гъуэгухэм хабзэр щагъэзэщIэныкIэ я жэрдэмхэр къызэрыдаIыгъым папщIэ. Ар тепсэльыхьащ я къулыкъур зэрызэфIэувам и тхыдэм, къыхихуэщащ ветеранхэм Къарал автоинспекцэм и Iэнатlэхэм я зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIар.

Адэкlэ Урысей МВД-м «За доблесть в службе», «За боевое содружество» и медалхэр, Урысей МВД-м и щIыхь тхылъхэр ираташ я лэжьакIуэ пэрытхэм. «Урысей МВД-м и ГИБДД-р илъэс 85-рэ ирикъу» фэеплъ медалхэр хуагъэфэщащ Урысей МВД-м и Краснодар университетым и къудамэ, Iэщlагъэм хагъэхъуэныкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и унафэщI полицэм и полковник Щхьэгъэпсо Заурбий, Къарал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ органхэмрэ Къарал кIуэцIыдзэхмрэ я ветеранхэм я советым и президиумым хэт Пыхъ МуIэед, КЪБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Руслан сымэ.

«Сабиигъэм шынагъуэншэу» федеральнэ егъэджэныгъэ программэр Къэбардей-Балъкъэрым щагъэжьэным теухуа пресс-конференцыр къызэрагъэпэщу зэрырагъэкIуэкIам папщIэ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр ираташ Ябымеев Робертрэ КЪБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и къудамэм и унафэщым и къуэдзэ полицэм и майор Моторовэ Аллэрэ.

Iэнатlэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэм ираташ нэгъуэщI Iуэхуэщlапlэхэмэ къабгъэдэкI саугъэтхэр.

ЗэIущIэ гуапэр ияхащ концерткIэ. Къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ, я гукъыдэжьыр къалэтащ республикэм и уэрэджьакIуэ, къэфакIуэ цIэрыIуэхэм. Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и ГИБДД-м и гимныр игъэззэщIащ лъэпкъхэм зэдай, урысейпсо зэпеуэхэм я лауреат Дыщэкl Артур.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●Ябэ итахэр

Тхыдэм къыхэнахэр

Къэбэрдейм ди тхыдэ гъунэгъум урилъэжмэ, абы нэхъ куууэ укIуэцIрыплъмэ, уримыгушхуэу, уи щхьэр лъагэу умыльагъужу къанэрхъым лъэпкъым, адэжь щIалъэм хуэпэж, эжыр бийм къезыгъэлахэм я ябэ сатырым хэта, зэи мыкIуэдыжьыну зи цIэр къытхуэна цIыху щэджащэхэр къызэрытхэкIам. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Аушыджэр щыщ эшитIыр - Совет Союзым и ЛIыхъжьхэу Къардэнхэ Къубатийрэ Къэбардрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэр - нэхъыжьхъэрэ ныбжьыщIэхэрэ - щыгъуазэщ зэкъуэшитIым лIыхъужьыгъэ къаззрыкъуэкIам, я зауэ гъэгуанэм. Ауэ куэдым ящIэу пIэрэ абыхэм я сабиигъэр матэщIэдзауэ зэрамыхьар? Аушыджэр щыщ Къардэн Лэкъымэн и щхьэгъусэ Бэджий Мырзият дунейм щехьыжам кушIынат сабиищ: пхъуитIрэ зы къуэрэ. Нэхъыжь Лэхъан илъэсиплIт зэрыхъур, Къубатий илъэситI, нэхъыщIэ КIуракъ IэпплIэрыс сабийт. Анэншэу къэна цIыкIуэхэр къэжэпхъыху я1ыжащ я адэшхуэ-анэшхуэ, Псыгуэнэу щыщ Бэджий Лъостэнрэ абы и щхьэгъусэ Чэбэхъанрэ. Сабийхэм я адэ Лэкъымэн етIуанэу къишэжащ, абы щхьэгъусэ кушхуат балъкъэр хъыджэбз, Налжан и цIэу. Зэщхьэгъусэхэм бынищ я1ыгъэтащ: Къэбард, Хьэбалэ, Гуащхьарэ сымэ.

Республикэр дызэрыгушхуэ зэшитIым я1ыгъуэ ди тхыгъэм тегъэщIапIэ хуэтщIар Къубатий и щIыпхъэ КIуракI я бынэну Жынэ Борисрэ Къумыкъу Светэрэ я гукъэкIыжхэрщ. Борис Налшык дэсщ, илъэс 86-рэ мэхъу, Светэ Нарткъалэ щопсэу, илъэс 80 и ныбжьщ.

- Къэбард теухуауэ сэ сщIэжкIэ зыщ. Зауэм игъэкIэ ди дыкъэIэпхъуат Налшык. Ди адэр Налшык районым финансхэмкIэ и къудамэм и нэхъыщхьэу я1ыгъуэ, ПащIэхэ я1уэ щыта чырбыш плъыжь унэм пIалъэкIэ дыщIагъэтIысхьащ. Абы дыщIы1эу зы махуэ гуэрым ди унэ нокIуэ Къэбардрэ Шэрджэс СультIанрэ. А тIур зэныбжьагъуат. Дыдейхэм къысхуащ1эхуауэ кIэстум щIэрыпс цIыкIу сщыгъат. Арати, куэбжэнэм дежь сыджэгуу сыщыту, Къэбард къызбгъэдэхэри «УщIалэфI уэ?» къыжиIэ. «НтIэ», - изотык жуап. Абдеж ттэмыжьжьэу зы шэд итти, къызэдгушIэу ара хъунт, «Умышынэу мобы ухэлъэфын?» къыщIыжиIэм, «Сыхэлъэфынущ, ухуеймэ, сыхэтIысхьэфынущ», - зызогъэIыхьэжь. Сыхопкlэ шэдми, си кIэстум щIэрыпсыр ятIэ защIэ мэхъу. Сыгъуэгъуэ щыщIэздзэм, тыкуэнкр тпэжьыжьэтэкъыми, зэныбжьэгъуитIыр макIуэри кIэстум щIэрыпс къысхуащ1эхуэ, Iэфлыкlэ гуэрхэри и гъусэу, - игу къеГэкIыж Жынэ Борис.

Къабард зауэм зэрыхэта мазийм къриубыдэу лIыгъэу къыкъуэкIам и инагъыр умыгъэщIэгъэн плъэкIыкъым. 1944 гъэтхэпэ мазэм Украинэм щызауэу, махуищ хуэдизм и кIуэцIкlэ, ар зи командир танк взводым бийм хьэлэчыпIэр хилъхьащ. Фашист танкыу якъутащ 5, къухьлъатэм зэреуэ зениткэу зы, миномёту 2, Iэщ къызэрыраIэкI щыгуу 20, апхуэдэу нэмыщ офицеррэ сэлэту 90-м нэс хагъэщIащ. Ауэ а мафIэ пIыгъэм хэкIуэдащ адыгэ зауэлI хахуэри. Абы щыгъуэ тхылъымпIэ ягъэхъэзырат «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр зэрыхуэфащэмкIэ, арщхьэкIэ а зэманым ирихьэлIат балъкъэрхэр я щыпIэм щраша махуэхэми, Къабард и анэр а лъэпкъым зэрыщIащым къыхэкIыу, цIэ лъапIэр орденкIэ зэрахъуэкIащ. ЛIыхъужь цIэр Къабард къыщыфIащыжкар иужькIэщ.

Къубатии мызэ-мытIэу хэхуащ псэзэпылъхьэпIэ, щэнейрэ ажалым къелащ. Абы фIыуэ щыгъуазэщ Борис.

- Мэздэгу и Iэшэлъашэм щызауэу, гъэмахуэкIэ мазэу, Къубатий и кхъухьлъатэм биишэ къыхтохуэри, и Iэбла сэмэгуми, и лъакъуэ лъэныкъуэми фэбжьышхуэ я1ыгъуэт. Абы ирихьэлIэу езым нэмыщ къхъухьлъатэу 9 курудыхахIэт, - жIеIэ абы. - Сытми, ерагъуу и «Як»-р къегъэтIыс аэродромым пэмыжьжьэу. Дыдейхэр къыпожажьэ, япхъуатэри нагъэс уIэгъэщIым. Кэздрэ щIэлъащ абы. И узыншагъэр нэхъ зэтес хъужа нэужь, дзэм кхъыхагъэкIыжьину зэрамурадыр кхъящIщIэм, идакъым «сэ иджыри сызэуэнщ» жери. Аратри, апхуэдэу щиукъуэдийм, кхъухьлъатэм ирагъэтIысхьэри йоплъ. Iэзэу кхъызэриГэуырыщIар щалъагъум, хуит ящIри хагъэхьэж дзэм.

1962 гъэм Америкэмрэ ди къаралымрэ зэпэщIэувауэ щытащ. И щхьэусыгъуэр США-м и ракетэхэр Тырку къаралгъуэм зэрыщIгъэварт, щыхуей дыдэм ди хакум къеуэфын хуэдэу. Абы и жэуапу ди ракетэхэр Кубэм ящащ. А щIынальэм ягъэкIуахэм яхэтащ Къардэныр. Борис зэрыжиIэжымкIэ, а зэманым Къубатий къулыкъу щищIэрт КъуэкIыпIэ Жыжьэм. Абы кърашыжщ, кхъызэрыгукI щыгъынкIэ яхуаупэри, зыкъом хъуэ кхъухькIэ ежьащ, Кубэм кIуэу. Кастрэ Рус Фидель чэнджэщэгъу хуэхъун хуейуэ арат и пщэ дэлъыр. ЗдэкIуэм хъащIащ аби, американхэм къагъуащ ди кхъуныр. Зы къэмынэу хэкIуэдат абы щыгъуэ, Кубатий нэмыщI. Кхъухьым кхъыщылIэ мафIэр и щIыхьэм зыхищIэу хъеинхъуэуэ, псым хэлъэщ, пхъэ пкъо гуэр кхьигъуэтри, и Iэ сэмэгу узымкIэ ар иIыгъыу, Iэ ижьымкIэ есурэ псы Iуфэм нэсащ. Абдежым Кубэм я сымаджэщым яшэри, хъужьыу щIэпIащ.

Кубэр къибгынэу я хэку къэкIуэжа нэужь, Къубатий кхъуаГэлъэгъуат къулыкъу ин. Кавказ Ипщэ дзэ округым и командующэм кхъухьлъатэ Iуэхуэхмкlэ и къуэдзэу яГэуныну унафэ кхьидэкIат, арщхьэкIэ а унафэм гъэгу игъуэтакъым. Къардэныр симаджэ хьэлъэ къэхъущ, икIэщIылIэкIэ Москва нагъэсри, операцэ ящIащ. И узыншагъэр зэфIэувэжа нэужь, Iэнатlэ нэхъ тыншыIуэ я1ыгъуащ.

Дзэм хэтым и Iуэхуэ зэрыщытыращи, ищхьэкIэ унафэ кхьуауащIем елъытащ къулыкъу щищIэну щыпIэр. Зи гъащIэм и нэхъыбэр нэгъуэщI щылнальэхэм щызыхь Къубатий, дауи, кхьыуэззэшырт и жьлэжьым, и хэку цIыкIум, и Iыхьлы-Iэулэдэхм. ИкIи Iэмал зэриГэуэту кхэкIуэжырт.

- Москва е къулыкъу щищIэ адрей щIыпIэхэм кхикIыжамэ, ди унэм кхыщыувыIэрт си анэ дэлъхур. Ар партым и обкомым ирагъэблагъэрт занщIэу. Абы и Iуэхур щызэфIэкIа нэужьт и Iыхьлыхэм я бее лъагъунIъагъу щыкIуэр. Псом япэу и шыпхъэитIым яхуэкIуэрт: Щхьэлыкъуэ дзэ и шыпхъу нэхъыжь Амщокъуэ Лэхъанрэ си анэ КIуракIэрэ я деж.

И щыпхъу бынхэм ящыщыкI Къубатий и нэIэ нэхъ зытетар, нэхъыбэрэ зыIущIэу, зэпсалъэу щытар Светэщ. Ар Нарткъалэ щопсэу, Къумыкъухэ я нысэщ.

- Къызэдалъхуахэм ящыщу зыгуэр дунейм фIыуэ зэрыльэгъуэу тетмэ, Къубатийрэ абы и щыпхъуэмрэ етIуанэщ. А зауэ нэужь зэман Iейхэм щыгъуэу зы посылкэм адрейр иужь ит у къытхуигъэхьэу щытащ Батий (арат зэреджэр и щыпхъуитIыр). СыщыцIыкIым щыгъуэ шубэ дахэ дыдэ къысхуигъэхьати, си адэ-анэм ядакъым, «адрейхэм ящымыгъ мыпхуэдэ щыгъыныфI щодгъэтIэгъэнукъым» жари, ягъэтIылъыжащ. Иужьым иратыжащ си адэ шыпхъум ипхъу щыкIым, - Борис и гукъэкIыжхэм пещэ Къумыкъу Светэ. - Си анэ дэлъхур щыпIэ жьжьжьхэм щыIэт, къыщыкIуэжьыфыр зэззымызэт. Зэгурэым, ар зэман кIыхькIэ ди щIыпIэм щымыIауэ, си анэр сымаджэ хуат. «СымыпIагъужу сыпIэнущ», - жиIэурэ гъуэгурт. ИтIанэ си деж, кьалэм, къэсщащ телефонкIэ еэгъэпсэльэн си мураду. Арцхьэкlэ санаторэ щыIэу къыщIэкIри зыпытщIафакъым.

Къубатийрэ абы и щхьэгъусэ Людэрэ я быным хуэдэу къалъагъуу зэрыщытар Светэ куэдрэ IэфIу игу къегъэкIыж. Кубэм къикIыжа нэужь, Къубатий телеграммэ кхьыуигъэхьат Светэ, «къакIуэ си деж» ИТу. Абы щыгъуэ Волгоград къулыкъу щищIэрт абы. Университетым и 3-нэ курсым щеджэ пщащэм щымахуэ сессиер псынщIэу итри, Волгоград лъэтауэ щытащ.

- Нэхумыщу сынэсат Къубатийхэ я унэм. Бжэр кхыIуэзах Людэ «Светкэконфеткэ къэкIуащ» зэрыжиIэу, Къубатий кхьыщIокI адрей пэшым, и нэгур зэIулъу. Кхьзбгъэдэхьэри, Iэплlи кхьсхуищIыркъым, сэлами кхьэзихыркъым. ПыIэ сщхьэрыгъыр сщхьэрехри си щхьэцым йоплъ. «Алыхьым и шыкурщ», - жеIэри, итlанэщ Iэплlэ кхьсщIыгъ. Кхьзбгъэдэхьэрэ, а жэщым пщIыхьэпIэ илъэгъуат си щхьэцыщхуэр пезгъэупщIауэ. «Апхуэдэу пщIамэ, икъукIэ си жагъуэ хъунут - хъыджэбзыр зыгъэдахэр и щхьэцырщ», - жери и нэгур зэлъIуэкIыж. Пхъу яIэтэкъыми, я быным хуэдэу сыкъалъагъурт а тIум, - жеIэ Светэ. - ИтIанэ мыри сигу къокIыж. Нарткъалэ дэст зауэм лIыгъэшхуэ щыгъэзагъэуэ Уэтэбечэ Матlэ жари зылI хъарзынэ. Ар кхьызэлъэIуат Къубатий си деж къакIуэмэ, хьэбарыншэ сымыщIыну. Арати, зы махуэ гуэрым кхьсхуоблагъэ Къубатийрэ Людэрэ. МатIэ деж сопсалъэри ар жьэлэ. Куэд дэмыкIыу кхьэсри бжэщхьэм кхьзэребакъуэу, «Товарищ генерал-майор, по Вашему приказанию прибыл», - жери Iэплlэ зэхуащI. Зауэм и курыкупсэм хэта лIитIым, зэныбжьэгъуитIым зытепсэлъыхьын яГуэтынтэкъэ... И адыгбзээри къабзэт Къубатий. ДыщыпсалъэкIэ урысыбзэ кхьхэдгъэхуамэ, «лIо, адыгэбзэр фщыгъупщэжауэ ара?» - жиIэрт.

Къубатий и щхьэгъуситIым щIалэ зыриз ядигуэтащ: Валерэрэ Беслъэнрэ. Пэури псэущ. Беслъэн и щхьэгъусэр адыгэщ, Мамжэгъэ ящыщщ. И анэ дэлъхуэм иригушхуэ икIи иripапгэ Светэ игу къоуэ Къубатий и гугъу щащIкIэ, и шыпхъуэм ящыщу Гуащэкъарэ и цIэм фIэкIа куэдым кхьзэрыраміыуэр, ауэ щыхьукIи Къубатий иади и ани кхьилъхуауэ нэгъуэщI шыпхъуитIи иIащ: Пэхъанрэ КIуракIэрэ.

Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн зэшитIым я цIэр зэрихьэу Александроврэ хьэблэм щыIэ уэрам цIыкIу. Ауэ зэшхэм арат къалэжьыр? Абыхэм фэеплъ яхуэгъэувын хуейуэ жэрдэм ящIащ, илъэс зыбжанэ ипэкIэ Iуэху кхрахьэжащ ди тхыдэм, ди лъэпкъым папщIэ гууз-лIыз зиIэхэм. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэкIэ я Iуэхур ипэкIэ кIуатэрэкъым.

МЫЗ Ахьмэд.

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 8, *махуэку*

♦Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэщ

♦УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къаруухэм я ракетэдзэхэм я Iэщlагъэлlым и махуэщ

♦951 гъэм Франджым и щыхьэр Париж ухуэн щIадзащ.

♦1796 гъэм США-м и къарал департаментым и цIыхухэм паспорт яритын щIидзащ.

♦1918 гъэм Киев къыщIэзэрагъэпэщащ Украинэм и Къарал Сенатыр.

♦1944 гъэм ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ «Анэ-лIыхъужь» цIэ лъапIэр, «Анэм и щIыхь» орденымрэ «Анагъэм и медалымрэ» ящащ.

♦1974 гъэм КПСС-м и ЦК-р арэзы техъуащ Байкал-Амур гъущI гъуэгум и проектым.

♦1997 гъэм Урысейм къыщащащ паспортым теухуа хабзэщIэ - къэралым и цIыхуу зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа дэтхэнэми ар иIэн хуейуэ яГэуващ.

♦Совет физик лъэрзиехэр, академик, Нобель и саугъэтыр 1978 гъэм зрата **Капицэ Пётр** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Совет космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и Плыхъужь **Севастьянов Виталий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Мягков Андрей** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Москва дэт «Сатирикон» театрым и художественнэ унафэщI **Райкин Константин** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, продюсер, «Мосфильм» концерным и унафэщI, УФ-м гъуэгуанэкIэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысейм и Къарал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфащэ **Шахназаров Карен** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Актёр, уэрэджьакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Певцов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Рутберг Юлие** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджьакIуэ, «Дыщэ граммофоныр» тIэунейрэ зыхуагъэфащэ, нэгъуэщI саугъэтхэри зыкъыдэлъытэу зрата **Фриске Жаннэ** къызэралъхурэ илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Теннисисткэ цIэрыIуэ, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым бжьыпэр щызыуфIэда **Мыскинэ Анастасие** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщIешхыныщ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 9, *мэрем*

♦Азербайджаным и дипломатие къулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Аргентинэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1816 гъэм ар Испаниеми къыгуэкIащ.

♦Къэзахстаным и налог Iэнатlэм и махуэщ

♦1762 гъэм Урысейм и император Пётр Ещанэр традэри, къэрал унафэр абы и щхьэгъусэ Екатеринэ ЕтIуанэм Iэщlалъхьащ.

♦1868 гъэм США-м и конституцэм халъхьа 14-нэ зэхъуэкIыныгъэм къару игъуэтащ. Абы ипкъ иткIэ Америкэм и цIыхуу къалъытэрт къэралым къыщалъхуа псори.

♦1877 гъэм Уимблдон (Инджылызым и къалащхьэ Лондон пэмыжьжьэ щыпIэм) щекIуэкIащ теннисмкIэ я1п зэхьэзэхуэр.

♦1906 гъэм Урысейм и император Николай ЕтIуанэм унафэ къыдигъэкIащ я1п Къарал думэр зэбгрыгъэкIыжьыным теухуауэ.

♦1927 гъэм «Роман-газета»-м къыдэкIыж щIидзащ.

♦1945 гъэм БКП(б)-м и Налшык къалэ комитетым унафэ къищтащ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдкIуэ щыхъуахэм защIэгъэкъуэныр теухуауэ.

♦1957 гъэм Менделеевым и таблицэм 102-нэ элементу хагъэхьащ нобелий зыфIащар.

♦1959 гъэм Налшык и Театр щхьэнтIэм Пятницкэм и цIэр зезыхьэ къэрал академическэ хорым и концерт щекIуэкIащ.

♦АР-м и цIыхубэ усакIуэ, драматург, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэтэр Хьэмид** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Урысейм и джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа совет географ цIэрыIуэ, СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием хэта, Совет Союзым и Къарал саугъэтыр зрата **Капицэ Андрей** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Совет актрисэ, уэрэджьакIуэ, Урысейм и цIыхубэ артист **Климов Элем** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Къарал саугъэтым и лауреат, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ, «Ника» саугъэтыр зрата **IэхъуэджакIуэ Лие** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэкъун Барэсбий** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Чэмал** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актёр, режиссёр, продюсер цIэрыIуэ, «Оскар» саугъэтыр тIэунейрэ, «Дыщэ глобусыр» плIанейрэ зрата, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэ куэд зыхуагъэфащэ **Хэнкс Том** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, уэрэджьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Гусевэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ артист **Дюжев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гукъеуэ зимыIэм пщIыхьэпIэфI елъагъу.

● Май щIыналъэ

Iэмал псори къагъэсэбэп

Май щIыналъэм и «Мартин» мэкъумэш-фермер хозяйствэр джэд гъэхъуныкIэ бжьыпэр зыIыгъэм ящыщ. 2006 гъэм къызэрагъэпэща а Iуэхущlапlэм къегъэщIылIащ щIы къудейуэ гектар мини 4,5-м щIигъу. Абы джэдкъэшым ирагъэхьэну Iусыпхъэу зыхуеинум хуэдизыр къытрах.

КООПЕРАТИВЫМ и унафэщI Ташу Аулэдин зэрыжиIамкIэ, я цеххэм зэуэ джэд мин 60-м щелэжьыну Iэмал я1эщ. Хозяйствэм къыщIигъэкI джэдыл къабзэр Къэбардей-Балъкъэрым и мызакъуэу, гъунэгъу республикэхэми ирагъашэ.

Лъэ быдзкIэ ува Iуэхущlапlэм иджыблагъэ район унафэщIхэр зэтущIыкIэ зэIущIэм щытепсэльыхьащ къыщIагъэкI лыхэкIыр тыншу зэращэным екъэлIа Iуэхугъуэ зыбжанэм. АбыкIэ зыкъыщIагъэкъуэну къагъэгугъащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Банк Iуэхухэр

БгъэIэпхъуэ мыхъуну Iуэхугъуэхэм папщIэ

Урысейм и «Мэкъумэш-банк» акционер обществэм Къэбардей-Балъкъэрым щIэзэрыгъэпэщащ я Iуэхущlапlэм къегъэщIылIащ щIы къудейуэ гектар мини 4,5-м щIигъу. Абы щыгъуэ ар ящIэ, Хозяйствэм къыщIигъэкI джэдыл къабзэр Къэбардей-Балъкъэрым и мызакъуэу, гъунэгъу республикэхэми ирагъашэ.

ЛъэбыдзкIэ ува Iуэхущlапlэм иджыблагъэ район унафэщIхэр зэтущIыкIэ зэIущIэм щытепсэльыхьащ къыщIагъэкI лыхэкIыр тыншу зэращэным екъэлIа Iуэхугъуэ зыбжанэм. АбыкIэ зыкъыщIагъэкъуэну къагъэгугъащ.

МЫ ГъЭМ и я1п мазихым розничнэ кредиту «Мэкъумэшбанкым» Къэбардей-Балъкъэрым щитар сом мелуан 786-м нэсащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, процентыр 131-рэ ирокъу. Бадзэуэгъуэм и 1-м ириухьэлIэу цIыху щхьэхуэхэм къыIаха щIыхуэр сом мелуан 2 864-рэ мэхъу.

Банкым потребительскэ кредиту 850-м щIигъу итащ, сом мелуан 300-м щIигъу къызэщIиубыдэу. КъищIынэмыщIауэ, ипотекэ зэгурыIуэныгъэ 215-рэ цIыхухэм ирищIыIащ, сом мелуан 480-м тещIыхьауэ.

«Зауэм зэпытщ Iуэхутхьабзэ лIэужьыгъуэхэми. Къащтэмэ, пенсэм щыслэм, «Мэкъумэшбанкым» и картэхкIэ улахуэ къеIызыхьэм, бюджет Iэнатlэм Iутхэм, дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, къуажэдэсхэм папщIэ худэчых зиIэ кредит пыухыкIэр щыIэщ», - къыхигъащащ «Мэкъумэшбанк» АО-м Къэбардей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Сокъур Алим.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Налшык къалэ

Дахэу икIи зэIуэзэпэщу

Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет Къалэ библиотекэм дунейпсо мардэщIэм тету и лэжьыгъэр къызэриГэпэщащ.

ТХЫлЪ хъуманIэхэр къэзгъэщIэрэщIэжьыным къэралым нобэ хуищI гулъытэм лэжьыгъэ купщIафIэкIэ апэу пэджжажхэм ящыщщ ди республикэр. Къэтщтэнщи, ди библиотекэхэр мэлажьэ, я гъэтIылъыгъэхэм хагъахьуэ мыхъумэ, хагъэщIыркъым, цIыхум хуаIэ пыщIэныгъэр зэрамыгъэзыдыным я зэфIэкI

Адыгэ бзылъхугъэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ**

● Щэнхабзэ

АРХЭСТ Иринэ:

Сыкъыщыфэкlэ, дуней псор сщогъупщэ

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингуш Республикэмрэ щыхьэ зиlэ я артистхэ Архэст Иринэ «Кабардинка» къэфакlуэ гупым зэрыщылажьэрэ илъэс 23-рэ мэхъу. Налшык къалэм дэт Гъуазджэхэмкlэ колледжри Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтри диплом плъыжькlэ къэзыуха Иринэ и гуращэ нэхъыщхьэ дыдэр арати, и гъащlэр ансамбль цlэрыlуэм ирипхащ.

КЪЭФЭНЫМ лажьыгъэшхуэ епхьалlэн зэрыхуейм зыми шэч къытрихьэркъым, ауэ Иринэ ар къехьэлъэкlыу зэи зыхихщlакъым. Бзылъхугъэм къыгурыlэрт цlыхр мурад ищlым хуэпэкмэ, зримыгъэхъулlэфын зэрыщымыlэр.

«Къафэм псэщlэ къыпхелхьэхэри, зэпымыууэ нэхъыфlхуным ухущlегъэкъу. Къэфакlуэр абы нэгъэщlцlыху ещlы. Сэ сыкъыщыфэкlэ, дуней псор сщогъупщэ. Гуфlэгъуи, нэщхьеягъуи, губжьи, лъагъуныгъи, нэгъэущ гурыщlэ куэди кърыбоlуэтэф къафэ гъуазджэм. А Іэхуэм хэмыт цlыхуми къафабзэр къыгурыlуэну къызолытэ, ар зыгъэзащlэр гурэ псэкlэ утыку итмэ», - жеlэ Архэстым.

Абы къыхэгъэщ зэчиймрэ ерыщагъэныр зэщlымыгъуэ, гъуазджэм уэзрыхэмызэгъэнур.

- Сигу кьоклыж «Хьетхэр» къафэр щыдгъэуба махуэхэр. Сэ утыкум ину сыщыдэлъеин хуейуэ къыспэщlыт. Ар зззгъэхъулlэн папщlэ, зыщызгъасжэм lэмал Іэджи къэзгупсысауэ къзэгъасэбэпырт: шэнт згъэувырт икlи, еш симыlэу, абы нэхъ екlуу сыззыщlхьэпрыльыным и ужь ситт. Куэдрэ сылъэпрэпащ, си щхьэр и щlагъыу Іэджэрэ сыщхьэпридзащ, «Ирэ, ар пхуэзфlэкlынукъым», - жаlэрти, си гъусэхэми сытрагъэгушхуащэртэхъым, ауэ ззэгъэхуащэртэхъым, ауэ ззэгъэхулащ а «трюкыр»... Кьэсат утыкум сыщихьэн хуей дакъикъэр, ауэ егъэлеяуэ сыгузавэрт. Ди хореограф Атэбий Фатlимэ си щытыкlэм гу кьылъитати, чэнджащ кьызитащ си партнер тlэкlу нэхъ тынш сщlынну. Сэ сыхуейтэкъым сыкъыкlуэтыкыну. Си ерыщагъыр арами сщlэркъым кьыздэlэпыкъуар, кьафэр сигу хуэзэгъауэ згъэзэщlат».

Архэстым и гукъэкlыж нэхъыфlи дыдэхэр зрилъхэу «Кабардинка» ансамблращ. Абы хэту ар къэрал куэдым щыlэну хунэсащ: Франджым, Израильм, Италием, Алжирым, Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэм, Сириеи, Тырким, Эстониеи, Франджыр. Ар зыщlэрыпсыпхьэ, ар зыгъэзащlэр гурэ псэкlэ утыку итмэ», - жеlэ Архэстым.

- Ар лъагъуныгъэм и къэралщ, - жеlэ абы. - Париж зыми хуэмыдэ кьаlэ дахэщ: Сенэ, Пуар, Париж Соборыр, уэрам бгъуфlэхэр, пщыхьэщхь зэщlэпщlыпщlэхэр - псоми удахьэх, уагъэпlейтей. Кьыщынэмыщlауэ, ансамблыр а къэралым дыщыщlа лъэхъэнэм кьалакlуэм Дунейпсо Іуэрыlуатэ фестиваль ин дыдэ щекlуэкlырт. Сфlэгъэщlэгъуэнт нэгъэущlэ лъэпкъхэм я щэнхабзэр абы щызэзгъэщlыхуну... Нэхъ иужьыlуэкlэ, Испаниием дыщыкlуами, си насыпт кьэрихьэкlри, «Фламенко» спектаклым сеплъауэ щытащ. А дакъикъэхэм зыхэтщlа къомыр псалъэ кьудейкlэ кьыпхуэlуэтэжыныкъым. Израильр сигу къызэринэжар адыгэ Іуэрыlуатэм и къэралыгъэ. Ар ерыщагъэ щlэпсыкlуэр, Рихьэниерэ Кфар-Камэрэ дэс ди лъэпкъэгъуэхэм я унагъуэхэм даззрыхэсащ. Кlэщlу жыпlэмэ, къэрал къэс дигу кьинэн щытлъэгъуащ. А псор зи фlыщlэр «Кабардинка» гупым дыхэхуэну ди насыпт къызэрихьэкlащ, абы хэтхэр зы унагъуэм дыщlэсым зэрыдекlуэкlащ. Бацэхэ Аскэррэ Анжелэрэ, Дзыхьмыщlэ Джульеттэ, Кучменовэ Олеся, Мэрзей Іэсият, Къэныкъуейхэ Алимрэ Иринэрэ, Щоджэнхэ Ксенярэ Виталийрэ, Атэбий ФатIимэ, Битокъу Оксанэ, пшынауэхэу Сэхъу Къэсэнэрэ Хьэпажэ Заудинрэ - псоми я цlэ кьыпхуlуэнкъым, дэ илъэс куэдкlэ дыкъызэдзгъуэгурыкlуащ.

«Кабардинка»-м зэрыхэтым хуэдэу, Иринэ «Насып» прогимназием щеджэ цlыкlуэр игъэсэн щlидзэри, си вакъэ лъэпсыр иджыри тэмэму зымыпхэжыф ныбжьыщlэхэр уейуей жагирэбlэу къэфэру хуэгъэсат.. «Сабий къафэу тlъэгъуат дэ, ауэ мыпхуэдэу дахэу, екlуу - зэи!» - ягъэщlагъуэу жаlат Америкэм къикlа гуп прогимназием щеблэгъэм.

Къафэ гъуазджэм хэт артист куэдым къызэралытэмкlэ, лъэпкъ фащэм уи зыныгъэкlэмрэ щытыкlэмрэ еуэщlы. Ар щыптlэгъамэ, узыхуэсакъыжьым, узыкlэлъплъыжьым хуейщ. «Ар пэжщ, - жеlэ Архэст Ирини. - Лъэпкъ фащэм адыгэ хабзэри епхащ, абы и пкъым уиту мыхъумыщlагъэ блэжьыри емыкlуэнхуэщ. Псом япэу къэбгъэлъэгъуэн хуейщ узыщыщ лъэпкъым и Іэсэныгъэр... Пэжыр жысlэнщи, си дежкlэ нэхъ гугъур «Уэркъ къафэрщ». Хореографие и лъэныкъуэкlэ абы хьэлъэ хэлъкъым, итlанэмэ «Къафэм» хьэл-щэн зэпlэзэрыт кьыщыбгъэлъэгъуэн зэрыхуейм зэуаплъныгъэшхуэ зыхыуеГъащlэ».

Иджыпсту Иринэ «Кабардинка» кьэфакlуэ гупым зэрыхэтым хуэдэу, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цlэр зезыхьэ сабий центрми, Аруан кьуажэм дэт гъуазджэхмкlэ школми щолажьэ, щlэблэр кьэфэным хуегъаз.

И ныбжьыр илъэситху зэрыхьурэ кьафэ бзылъхугъэр и Іэщlагъэм и лъагапlэм зэрынэсам шэч хэлъкъым.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъэ.

КIарэ Галинэ Сэрмакъ дэт курыт еджапlэ №1-м биологиер щриГъэджу пэжащ, абы къыщыгъэриГъэпэща «Си щlы хъурейр» гупжьейм щигъасэ ныбжьыщlэхэр дунейм и зэхэлъыкlэм теухуауэ игъэлъэГъуа лэжьыгъэм япэ увыпlэр къыщихьри. Иджы ар «ЩlыуэпсыгуГи гъащlэш» щыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэщlэхьееныгъэм и унафэщlым и къуэдзэщ. Бзылъхугъэр ирагъэкlуэкlлэжьыгъэр зыхуэдэм тедгъэпсэлъыхьащи, къыджиlаХэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Галинэ, щlыуэпсым епха жылагъуэ Іуэхум дауэ удихьэха?

- Щlэныгъэхэмкlэ Урысей академием бгы щlыпlэхэм я щытыкlэхэр джыныжкlэ и институтым, Тембот Асльэнбий и цlэр зезыхьэм, срищlэныгъэ лэжьакlуэщ. Ди щlыналъэм, къапщтэмэ, Кавказым хуябудэ щlыпlэ псоми, псэ зыIуту дунейм тет лIэужьыгъуэхэр хьуныжьым ехьалIэуэ гугъуехьхэр зэрыщыIэр нэрылъагъут. Арати, «ЩIыуэпсыр ди гъащIэщ» зыфIэтща жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм щыналъэ зэхуаку мыхьэнэ иIэу кьызэдгъэпэщащ, абы и унафэщlым и къуэдзэу сэ сагъэуваш. Ди лэжьыгъэр зыхуэдизыгъэр щlыуэпсыр хьуныжьмэ Іэмалхэр едгъэфlэкlуэныжьрэщ. Апхуэдэуи, сэ КъБР-м и Жьылагъуэ палатэм НКО-хэм я Іэхуэхэмкlэ и унафэщlым и къуэдзэу сыхахащ.

- Сыт хуэдэ проектхэр къохъулIа?

- Пэжыр жысlэнщи, проект кэдж згъэзэщlащ, федеральнэ мыхьэнэ зиIэхэри яхэту. Иужьрей илъэсищым сызэлэжьахэм я гугъу сщlымэ, абыхэм я цlэхэр къыфхуисIуэнщ: «ЩIэныгъэлI цlэрыIуэ Тембот Асльэнбий и Іуэху бгъэдыхьэкlэр и лъабжьэу дыкъэзэуухъуреихь дунейр хъунэмым цlыхур къыхуеджэным теухуауэ», «Заповедная Кабардино-Балкария», «Кавказым и щlэинхэр дывгъэхъумэ» (мыр Урысейм и WWF-м и Іуэсэу къызэдгъэпэща Іуэхущ). Президент саугъэтхэр зыт фондым и проектхэм ящыщlу: «ГъэзетыгъуэйкIуэ хъьжьэкъуэкlэхэр тхъумэн папщlэ, цlыхумрэ абыхэмрэ зэрызэдгъэгъуэгурыкlуэнур» Іуэхур. Абыхэм къыщынэмыщlауэ, Азиеми уэзыщрихьэлIэ леопардым хуэдэхэр Кавказым къэгъэIэпхъуэным теухуа программэм селэжьащ, «ЩIыуэпсыр зэгъуэсэу дивгъэхъумэ», «Тхъилъ плъыжьым и лъагъуэкlэ: Къэбэрдей-Балъкъэрым гукlи псэкlи пыщlатеи, нэгъабэ къигъэзэжащ икlи зэман имыгъэкlуэду и ужь ихьащ и Іэщlагъэр къыщигъэсэбэпын лэжьыгъэ къызэригъэтыным. Тарч кьалэм «Hogwarts» центрыр къызэрыщызэIуахыр щызэхихым, хьыджэбзыр абы кlуащ. Иджыпсту абы ирегъаджэ я ныбжькlэ гуэша гуп зыбжанэ, зырызу зыдэлажьэхэри яхэту. Иужьрейхэр щlыпу 15 мэхъури, я щlэныгъэм хагъахьуэ зэпытщ, Дзэгъэлым деж кlуэн зэрыщlадзэрэ.

- «Hogwarts» Іуэхущlапlэр къызэрызэIуахрэ куэд мыщlами, кlуэ пэтми ди гъэсэнхэм кьахохьэу. Мыбдеж инджылызбзэм къищынэмыщlа, франджыбзэри испаньбзэри щрагъащlэ, апхуэдэуи сабийхэм нэхъ пасэу заужьын, курыт школым хуагъэхъэзырын щхьэкlэ щадолажьэ. Гъэмахуэ зэманым центрым лагерь къызэрегъэпэщри, абдежи сабийхэм Іэмал яIэщ хамэ хэрал бзэхэр зрагъащlэнуурэ я нэгу зрагъэужьыну. Икъукlэ сроГушхуэ зи Іуэхум фIыуэ хэзыщlыкl, щlэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Іэщlагъэлlхэм садэлэжьэну си насыпт къызэрырихьэкlам, - жеlэ абы.

ТЭРЧОКЪУЭ Іэдиихъ.

Ди щlыналъэм и хъугъуэфlыгъуэхэр тхуэхъумэрэ?

● ЩIыуэпс

Балъкъэрым щыпсэу хьэкlэкъуэкlэхэм ящыщу Тхьилъ плъыжьым ихуахэр» Іуэхухэр дгъэзэщlащ.

- Фи жылагъуэ зэщlэхъееныгъэм республикэм щригъэкlуэкl лэжьыгъэм арэзы укъищlрэ?

- Иужьрей илъэс щыбжанэр къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Іуэхугъуэ зэхуэмыдэу 500-м щlигу кьыщызэдгъэпэщащ. Сабий нэхъ цlыкlу дыдэхэм я деж кьыщыщlэдзауэ дыкъэзэуухъуреихь дунейм и щытыкlэмрэ щlыуэпсыр хъумэн зэрыхуейм теухуауэ щlэныгъэ конференцхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэхьэзэхуэхэр, джэгукlэхэр зэпымыууэ идогъэкlуэкl. Щыгъасабийм щегъэжьауэ цlыхум я гупсысэр кьабзагъэм, шынагъуэнщагъэм хуэгъэушыным, ди лъахэм и къулеягъым, мыбы къыщыкl къэкlыгъэ лIэужьыгъуэхэмрэ узыщlрихьэлIэ псэущхьэхэмрэ хуэгъэзакъуным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Псом хуэмыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэдэ щlыналъэхэм дежкlэ - щы мащlэ фIэкlа къамыубыдми, зи теплъэ къулеймрэ апхуэдизэ псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэрэ зиIэм - цlыхумрэ щlыуэпсымрэ я зэпыщlэныгъэр нэрылъагъуу щытын хуейщ.

- Дызытепсэлъыхьым теухуауэ сыт хуэдэ гугъуехьэр щыIэ республикэм? Уи хъуэпсапIэхэми дыщыбгъэзгъуэзэну сихуейт.

- Ухэзыгъапlэ Іуэхугъуэ зыбжанэ диIэщ. Ахэр епхащ хьэуар, псыхъуэзэр зэрауфлейм, жыгъэр ирауплъыкlыурэ мэзкэр зэрагъэкlуэдыжым, щlыгулъым и зэхэлъыкlэмрэ къэкlыгъэхэмрэ нэхъыкlэ къанэркъым, апхуэдизкlэ псынщlэу зехъуэжри. ИтIани, сыхуейт сыкъэкlуэжыну», - пещэ хъыджэбзым.

Алёнэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гукlи псэкlи пыщlатеи, нэгъабэ къигъэзэжащ икlи зэман имыгъэкlуэду и ужь ихьащ и Іэщlагъэр къыщигъэсэбэпын лэжьыгъэ къызэригъэтыным. Тарч кьалэм «Hogwarts» центрыр къызэрыщызэIуахыр щызэхихым, хьыджэбзыр абы кlуащ. Иджыпсту абы ирегъаджэ я ныбжькlэ гуэша гуп зыбжанэ, зырызу зыдэлажьэхэри яхэту. Иужьрейхэр щlыпу 15 мэхъури, я щlэныгъэм хагъахьуэ зэпытщ, Дзэгъэлым деж кlуэн зэрыщlадзэрэ.

- «Hogwarts» Іуэхущlапlэр къызэрызэIуахрэ куэд мыщlами, кlуэ пэтми ди гъэсэнхэм кьахохьэу. Мыбдеж инджылызбзэм къищынэмыщlа, франджыбзэри испаньбзэри щрагъащlэ, апхуэдизкlэ псынщlэу зехъуэжри. ИтIани, сыхуейт сыкъэкlуэжыну», - пещэ хъыджэбзым.

Алёнэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гукlи псэкlи пыщlатеи, нэгъабэ къигъэзэжащ икlи зэман имыгъэкlуэду и ужь ихьащ и Іэщlагъэр къыщигъэсэбэпын лэжьыгъэ къызэригъэтыным. Тарч кьалэм «Hogwarts» центрыр къызэрыщызэIуахыр щызэхихым, хьыджэбзыр абы кlуащ. Иджыпсту абы ирегъаджэ я ныбжькlэ гуэша гуп зыбжанэ, зырызу зыдэлажьэхэри яхэту. Иужьрейхэр щlыпу 15 мэхъури, я щlэныгъэм хагъахьуэ зэпытщ, Дзэгъэлым деж кlуэн зэрыщlадзэрэ.

- «Hogwarts» Іуэхущlапlэр къызэрызэIуахрэ куэд мыщlами, кlуэ пэтми ди гъэсэнхэм кьахохьэу. Мыбдеж инджылызбзэм къищынэмыщlа, франджыбзэри испаньбзэри щрагъащlэ зэ

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Ди хэкуэгъухэм «бжэр» хузэІуах

● Хабзэ

СНГ-м хыхьэ къэралхэм я институтымрэ «Форум переселенческих организаций» жылагъуэ зэгухьэныгьэмрэ Къэрал Думэм щІалъхьащ «О репатриации в Российскую Федерацию» законопроектыр. Мыбы елэжьа Іэщіагъэлїхэмрэ щіыхухэм я хуитыныгьэхэм къащхьэщыжэмрэ яубзыхуа хабзэм лъабжьэ хуащІар Израильм, Германием, Латвием, Къэзахъстаным я хэхэсхэр къызэрашэлїэжа щІыкІэращ. КьыкіэлъыкІуэну Іуэхухэм ятеухуауэ щытынущ хэхэсхэр къыщІашэжьи щхьэусыгъуэхэр: зыщыпсэу къэралыр Іэмалыншэу ибгьнэн хуей хъуауэ (и гупсыскэкІэр, Іуэху еплъыкІэр къыхуэзымыдэхэр къызэрегуплїэм къыхэкІыу); зэуІуу къагьэІэпхъэжьхэр е зэуІуу лэжьыну къакІуэхэр.

УІЭПХЪУЭНЫР зэи тыншу щытакъым, атІэ зы къэрал укъикІыу нэгъуэщІым зибгъэзэгъэжьным гугъуехьу пыщІар зыхуэдизыр гурыІуэгъуэщ. Хабзэр зэхэзылъхьахэм кІуапІищ къыхуагупсысащ ар зэрызэфІэбгъэкІ хъуну щІыкІэм. Ятіэр - къэІэпхъуэжьну хуейм и пщэ щыдилъхьэжьрыщ езыми и унагъуэми я гъэгупщІэр, къэпшыпу къыздищэнум теКІуэдэнур. Апхуэдэр хуит ящІ Урысей Федерацэм и щІыпІэхэм хэдзуэ езыр зыхуейр къыхихыну. ЕтІуанэр - цІыхур здэІэпхъуэну хуей щІыпІэм и администрацэмрэ езымрэ зэхуэдитІу щагуэшырщ гъэзугупщІэр. Къищынэмыщ1ауэ, а щІыпІэм ипотекэ пудкІэ фэтэр къыщыпщэхуну Іэмал щыІэн хуейщ. Ещанэр - Правительствэмрэ къэІэпхъуэжьыр здрагъэблэгъа щІыпІэм и администрацэмрэ мы Іуэхум текІуэдэнур зэрыщыту я пщэ щыдалъхьэжьрыщ. Хабзэм Іуэхугъуит1 хуеГъэув щІыхум - ар ди хэкуэгъуэ щыщІэтлъэтэн щхьэусыгъуэ иІэнрэ урысыбзэр фЫы дыдэу ищІэн зэрыхуеймрэщ.

Хэт ди хэкуэгъуэ къалъытэнур? Хабзэм и проектым щІэуэ хатхараци, ди хэкуэгъуэ къалъытэнущ зыщыщ лъэпкъыр Урысейм ис лъэпкъхэм язмэ е къызытехьэкІаэр ди къэралым къыщалъхуауэ, щыпсэуауэ щытамэ.

Мы хабзэр щІэуэ хахыну Парламентым бжьыхьэм къиштэнущ, икІи абы зэхуэкІыныгьэ гуэр имыгъэзыну тхужьІэнукъым. Ауэ иджыпстуи ущІыхуэмыварэзын хэлъщ. Псалъэм папщІэ, «свободное владение русским языком» жьыхуІэм сит хуэдэ пщалъэ иІэнур? ЩІыналъэр сит хуэдэу кьулейуэ щытын хуей гъэгупщІэм и ныкъэр пщэрылъ зыщищІыжьын, къІэпхъуэр щыпсэун фэтэр ипотекэ пудкІэ иритырфын папщІэ? Дыщыгугьынщ мы упщІэкэри нэгъуэщІыпу къыздищэнум текІуэдэнур. Апхуэдэр хуит ящІ Урысей Федерацэм и щІыпІэхэм хэдзуэ езыр зыхуейр къыхихыну. ЕтІуанэр - цІыхур здэІэпхъуэну хуей щІыпІэм и администрацэмрэ зэхуэдитІу щагуэшырщ гъэзугупщІэр. Къищынэмыщ1ауэ, а щІыпІэм ипотекэ пудкІэ фэтэр къыщыпщэхуну Іэмал щыІэн хуейщ. Ещанэр - Правительствэмрэ къэІэпхъуэжьыр здрагъэблэгъа щІыпІэм и администрацэмрэ мы Іуэхум текІуэдэнур зэрыщыту я пщэ щыдалъхьэжьрыщ. Хабзэм Іуэхугъуит1 хуеГъэув щІыхум - ар ди хэкуэгъуэ щыщІэтлъэтэн щхьэусыгъуэ иІэнрэ урысыбзэр фЫы дыдэу ищІэн зэрыхуеймрэщ.

Хэт ди хэкуэгъуэ къалъытэнур? Хабзэм и проектым щІэуэ хатхараци, ди хэкуэгъуэ къалъытэнущ зыщыщ лъэпкъыр Урысейм ис лъэпкъхэм язмэ е къызытехьэкІаэр ди къэралым къыщалъхуауэ, щыпсэуауэ щытамэ.

Мы хабзэр щІэуэ хахыну Парламентым бжьыхьэм къиштэнущ, икІи абы зэхуэкІыныгьэ гуэр имыгъэзыну тхужьІэнукъым. Ауэ иджыпстуи ущІыхуэмыварэзын хэлъщ. Псалъэм папщІэ, «свободное владение русским языком» жьыхуІэм сит хуэдэ пщалъэ иІэнур? ЩІыналъэр сит хуэдэу кьулейуэ щытын хуей гъэгупщІэм и ныкъэр пщэрылъ зыщищІыжьын, къІэпхъуэр щыпсэун фэтэр ипотекэ пудкІэ иритырфын папщІэ? Дыщыгугьынщ мы упщІэкэри нэгъуэщІыпу къыздищэнум текІуэдэнур зэрыхуеймрэщ. Сыту жьыпІэмэ, арыншами гугъуу кІуатэ Іуэхур хабзэкІэ тэмэму убзыхуа мыхъумэ, а къэкІуэж мащІэри гугъу зэрехьым зыри кІэрыхунукъым.

● Псэупіэ

Хэт и унэ нэхъ дахэ?

Хъыбарыфіхэм къахэзгъэщхьэхуКІыну сыхуейт ДОМ.РФ фондым кърихьэжьа Іуэхур. Абы и мурадщ етІанэгъэ и пэщІэдзэм техуэу унэхэм я проект 25-рэ интернетым кърилъхьэну. Унэ зыщІыну хуейм игу ирихь къыхих хъунущ, зы соми Іамыхыу.

УНЭ щхьэхуэхэм я проектхэм ятеухуауэ ирагъэкІуэкІыну зэпеуэм къыхахыну аращ нэхъыфІу къалъыта 25-рэ. Абыхэм ящыщу 15-р пхъэ унэщ, 10-р - нэгъуэщІ псэуалъэпхъэхэм къыхэщІыкІащ.

Архитекторхэм хуагъэуващ унэр лъапІэ ямыщІыну, метр зэбгъуэнатІэм и уху́эни и ини сом мин 60 нэхъыбэ темыкІуадэу зэфІэкІын хуейуэ. Мы жэрдэмыр зейхэм кьыхагъащ унэхэм я проектхэр зыхуэзгъэзар кьыхэзрыгъакІ цІыхухэр зэрыарар. Ахэр щогугъ Іэщіагъэлїхэм ящІа проектхэмкІэ унэ зыухуэнум къэралыр дэІэпыкъу хъуну, банкхэми абы кредит нэхъ пуд хухахыну.

Сыт ищІэн хуейр мыпхуэдэ унэм тегушхуэнум? Унэ ищІын мурад зиІэр банкым макІуэ кредит кьыІихыну. Абы зыхэдэн кьыхуагъэлъэгъуэнущ: потребительскэ кредит кІапщтэу (процент 12 - 15 техуэу) узыхуей унэ ебгъэщІ хъунущ; процентэ 7 фІэкІа темыхуэу щІыхэр кІуатынущ, ДОМ.РФ фондым игъэхьэзыра проектхэм я кьыхэпхамэ.

Іуэхур кьэзыхьэжьахэм кьалъытэ мыпхуэдэ зэдзэлажьэкІэм и фІыгъэкІэ унэхэр нэхъ пуд хъуну, зи унэ зыухуэну хуейхэм я бжьгъэм кьыхэхъуэну. Псалъэм папщІэ, нэгъабэ процент 24-кІэ хэхъащ пхъэ унэ зыуухуахэм я бжьгъэр. Уз зэрыщІалэм и зэрранкІэ нэгъабэрэ мы гъэм и щІымахуэ - ґьатхэ мазэхэмрэ фэтэрым щІэуэбгьащІ щІэсахэм ящыщ куэдым кьалэшхуэхэм пэгьунэгъу кьуажэхэмрэ дахэхэмрэ унэ кьыщащхуащ жьы кьабзэм хэтын, Іэпкъльэпкъыр зэщІэнауэ щымыту хадзэм илэжьыхьыфын папщІэ.

Хэт и дежкІи гурыІуэгъуэщ унэ пщІыным къаруи мылъкуи зэрытекІуадэр, уеблэмэ льапсэр кьращІэкІын ямыухьурэ зи гьащІэр кьызыІэщІэуэхэкэри мащІэкъым. ИтІанэ ар я натІэ мэхъу я бынхэми. А псор кьызыхэкІыр цІыхухэм ахъшэ зэрамыІэрщ.

Ди цІыхухэм зыгуэркІэ яхуэщІхьэпэну пІэрэ ДОМ.РФ фондым ирегъэжьар? ЛжьаІпІэ тэмэм уиІэу процентэ 7 зыщхьэщІптыкІыну кредитым упэлъэщІынумэ, архитекторым ищІа проекткІэ унэ бухуэныр (ахъшэ щІэптын щыхуэмейкІэ) икІи нэхъ дахэ, икІи нэхъ зэІуэзэпэщхьунт. ЩІэн хэмылъу, нэгъуэщІ теплъэ кьащтэнут ди кьуажэхэм. Ауэ сомыр нэхъ пуд щыхъу, псоми я уасэхэм щыхэхъуэ ди зэманым кредитми тегушхуэгъуэйщи, лъапсэ кьеЩІэжьІынри зэрыщытам кьытенэжьынущ: мащІэ-мащІэуэрэ, гьэм кьыхуэлэжьыр хилъхьэурэ унэ иухуэнущ а Іуэхур Іэмалыншэу кьызыхуэкІам.

Сыт-тІэ, лейуэ дытепсэлъыхьауэ ара мы Іуэхум? Хьэуэ. НэгъуэщІ кьэралхэм унэу щаухуэм и процент 90-р хуоз Іэщіагъэлїхэм ягъэхьэзыра проектхэм, ди къэралым ар иджыри проценти 2-м щынэсакъым. Іуэхур ежьа щыхъуакІэ, ди къэралми абы зыщиужьыну кьыщІэкІынщ.

● Хоккей

Мейкъуапэ къыщалъхуа щІалэм Америкэр къызэфІегъэувэ

США-мрэ Канадэмрэ зэгъусэу щрагъэкІуэкІ Льэпкъ Хоккей Лигэм (НХЛ) и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэр къыпикІуэтынукъым дунейпсо зэпеуэхэми Олимп джэгухэми. Иджыпсту абы и вагъуэ нэхъыщхьэщ Адыгейм и къалащхьэ Мейкъуапэ къыщалъхуа икІи зи сабиигъуэр а щІыпІэм щызыгъэкІуа Кучеров Никитэ.

НХЛ-м нэхъыбэ дыдэрэ къыщыхэжаныкІ, абы рекорд зыбжанэ щызыгъэува щІалэм хоккейм зыщыхуигъэсар Мэзкуущ. «Красная Армия» ныбжьыщІэ гупым къыщыщІидзэри, ЦСКА-м хагъэхьащ, иужькІэ къэралым и гуп къыхэхам ираджащ. АдэкІэ, гу къыпльатэри, Канадэм и Квебек къалэм и командэм и щІалэгъуалэ гупым ирагъэблэгъащ. Иужь илъэсийм США-м и «Тампа-Бэй» гуп лъэрызехьэм хэтщ.

Кучеров Никитэ и джэгукІар апхуэдизу ягу ирохь, я хьэрхуэрэгъуэм яхудигъэкІ шайбэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщІ, 2018 гъэм зэгурыІуэныгъэщІэ иращІыпІащ. Абы ипкъ иткІэ иджыри илъэсийкІэ «Тампа-Бэй»-м и щІыхьыр ихьумэнущ икІи а лъэхъэнэм къриубыдэу долларр мелуан 76-рэ кьылэжьынущ, екъулІэныгьэ зэмылІэужьыгьуэхэм кьапэкІуэ саугьэт инхэр хэмыту.

Адыгейм кьыщалъхуа Кучеровым и командэр тригъэгушхуэ, лъагапІэ инхэм ебгъэрыкІуэ зэпытщ. Ар зи пашэ «Тампа-Бэй» гупыращ нэгъабэ НХЛ-м и дамыгъэ нэхъыщхьэ «Стэнли и Кубокыр» къэзыхьар, мы гъэми и кІэух зэІущІэм нэсауэ абы щІэбэнкІи ехъулІэныгьэ инхэр иІэну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Дзюдо

Къуэдзым Европэм и кубокыр зыІэрегъэхьэ

Португалием хыхьэ Коимбре къалэм щекІуэкІащ дзюдомкІэ Европэм и кубокыр къэхьыным ехьэліа зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэрал 24-м кьикІа спортсмен ныбжьыщІэ 300-м щІигъу.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту Европэм и кубокым щІэбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ я цІыкІэ утыку кьихьэ Къуэдз Кьантемыр. ПэщІэдзэ зэІущІэхэр фЫы дыдэу езыгъэкІуэкІа ди щІалэм финалым къыщыпэщІэхуащ къэралым и командэ нэхъыщхьэм къыдыхэт, Краснодар крайм и цІыкІэ банэ Нэгъущ Абрэдж. Ди лъахэгъур абы ефІэкІащ икІи зэхьэзэхуэм и дыщэ медалымрэ кубок нэхъыщхьэмрэ къыхуагъэфэщащ.

Спортсменыр ягъасэ Иванов Дмитрийрэ Апхуд Андзоррэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Ди гъунэгъухэм я деж

Пщэрылъ зыщащІыжар ягъэзащІэ

«ПсэупІэрэ къалэ зэІузэпэщІэ» проектым хиубыдэу, Грозным щаухуащ фэтэр куэду зэхэт униллі, метр зэбгъуэзнатІэ мин 13,8-рэ хъуурэ. А фэтэрхэр ирагащ жьы дыдэ хъуа унэхэм къыщІагъэІэпхъуКІын хуейхэм. Псори зэхэту унагъуэ 310-м унэщІэ тхьэлъэІу ящІащ.

ШЭШЭН Республикэм ухуэныгъэмкІэ и министр Зайпуллаев Муслим зэрыжиІэжкІэ, унэхэр Іэмэпсымэ «Іущхькіэ» зэщІэуэздащ. ПщІанТІэхэр балигъхэми сабийхэми зыгъэпсэхупІэ яхуэхъун хуэдэу къызэрагъэпэщащ, машинэ гъэувыпІэхэри хуащІащ, зыми зэран хуэмыихъуну.

Куэд мыщІэу Грознэмрэ Горагорск посёлкэмрэ уня 13 щащхынущ, фэтэр 520-рэ хъуурэ, абыхэм ягъэІэпхъэнущ цІыху мин 1,5-рэ.

ШЭшэн Республикэм и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан кьелъытэ мы проектыр псом япэ яхуэгъэзащІэну. «ИльэсищІым кьриубыдэу дэ унэ зэтету 33-рэ кьызэфІэдгъэзэри, цІыху мини 3,5-рэ щІэдгъэтІысхьэщ», - жиІащ абы.

Фигу кьэзгъэкІыжьынщи, 2025 гъэ пщІондэ зэфІагъэкІын хуейщ унэ кхъахэхэм цІыхухэр кьыщІагъэІэпхъуКІыныр.

● Тырку Республикэ

Псы дэлъэдапІэ ухуэн ирагъажьэ

ЕпщыкІутхуанэ лІэщІыгъуэ лъандэрэ тыркухэр йопщІыхь «етІуанэ Босфор» яухуэным. Иджы абы тегушхуэпащ Тыркым и президент Эрдоган Реджеп Тайип икІи мывэ хилъхьащ «Истамбыл» зыфІащэ псы дэлъэдапІэм тралъхьэну лъэмыжьихым ящыщ зым и лъабжьэ ягъэжьым. Псы дэлъэдапІэм и кІыхьагъщ километр 45-рэ (Босфорыр километр 60 мэхъу).

АБы и бгъуагъыр метр 275-рэ, кууагъыр метр 21-м нэс хъунущ. Псы дэлъэдапІэм зы илъэсым дэкІыфынущ кхъухь мин 67-м щІигъу. Ухуэныгъэм текІуэдэнущ доллар мелард 13 - 20-м нэс. Ар къэралымрэ хьэрычэтыщІэжьмрэ зэдаухуэну аращ. КьыззэрабжамкІэ, псы дэлъэдапІэ яухуэным илъэсым доллар мелардри 8 кьилэжьыфынущ, кхъухьхэр абы зэрыдэкІыну кьудейм кьыпэкІуэу.

«Истамбылым» хэтынущ кхъухь тедзапІэхэр, сатум пыщІа хъумапІэхэр, хы ФЫыцІэм хуэзэ зыгъэпсэхупІэхэр, кьулей дыдэхэм папщІэ яуухуэну унэ зэпэщхэр. КьищынэмыщІауэ, «кьалэ Іущ» жьыхуаІэм хуэдэу тІу яухуэнущ, цІыху мин 500 щыпсэуфыну.

Псы дэлъэдапІэр пхуэмыгъэзэкІуэжьну щІыуэпсым зэран хуэхъуну жьзыІэ щыІэми, кьэралым и унафэщІхэм ар ядэркъым, ухуэныгъэр здыхуэзэну щІыпІэр егупсысауэ, цІыхуми тхыдэ фэепльхэми зэран яхуэмыхьун хуэдэу кьыхахауэ жаІэри. ЦІыху мелуан 15 зыдэс Истамбыл псы зэфэн къемэщІэкІ хъуну зэрыжаІэр пэжщ, ауэ Мелен псы хъумапІэр абы папщІэ яухуэнущи, гугъуехь зыхащІэнукъым.

ЖыпІэнурамэ, пІэщІыгъуэм и ухуэныгъэкІэ узэдж хъун Іуэху щаублэ мы кьэралым. Тыркуэр ухуакІуэфІу кьыщІалъытэ дуней псом. Мы псы дэлъэдапІэр абы иджыри зэ щыхьэт техуэну кьыщІэкІынщ.

«Махуэкум» и кьудэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● ФщІэн папщІэ

Анэхэмрэ сабийхэмрэ зэрызыщІагъакъуэ

Мы мазэм и 1-м щыщІэдзауэ къэралым ахъшэ къарет уэндэгъуэхэмрэ илъэси 8 - 17 ныбжьым ит сабийхэмрэ. ЗэдыщІэкІыу псоми хуагъэшыркъым, атІэ упсэун щхьэкІэ я нэхъ мащІэу уиІэн хуейм хуэдиз хэхъуэ унагъуэм кьимыхьэмэщ.

ПОСОБИЕ зратыпхъэм щыщым и лъэІу тхьилъэр къэрал хуэІуэхущІэмкІэ порталым е Пенсэ фондым иригъэхьын хуейщ.

БзыльхугъэІ уэндэгъуэм пособиер кьаІэрыхьэу щІадзэнущ, медицинэ учётым щыуэва мазэуэ махуэ 30-м кьриубыдэу лъэІу тхьилъэр итхьу щІилъхьамэ. А піалъэр блигъэкІамэ, лъэІу тхьилъэр щыщІилъхьа мазэм щегъэжьауэ.

Илъэси 8 - 17 ныбжьым итхэм хуагъэбелджьыла пособиер ират зи закъуэу сабий зыпІэхэмрэ (адэр е анэр лІащ, хьыбарыншэу кІуэдащ, адэр е анэу сабийм и документым иратхакъым) судым и унафэкІэ алимент зытхэмрэ. Мы пособием хеубыдэ сабий зеиншэхэри. Апхуэдэ зыпІым (опекуным) и кьалэнщ пособием теухуа лъэІу тхьилъэр ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа Іуэхущ1апІэхэм я зым щІилъхьэну. Иджыри зэ я кьыхэдгъэщынщи, пособиер зратынур балигъым, сабийм я нэхъ мащІэу яІэн хуей хэхъуэм хуэдиз (прожиточный минимум) зыІэрымыхьэращ. ЩІыналъэ кьэс езым егъэбелджьилы а нэхъ мащІэр зыхуэдизыпхъэр.

БзыльхугъэІ уэндэгъуэм мазэ кьэс иратынущ хэхъуэм я нэхъ мащІэм и зэхуэдитІыр. Ятіэм зэ тыгъуэу сом 700 иратыртри, абыкІэ зэфІэкІырт.

ФщІэн папщІэ: фи хэхъуэр зыхуэдэр зэхагъэкІынущ, пособие фхуагъэуэвын ипэкІэ. Псалъэм папщІэ, унагъуэм фэтэр, унэ, машинэ, дачэ иІащ, ауэ ахъшэ Іэрыльхьэу кьыхъуэр мащІэщ. Апхуэдэ унагъуэм щыщ бзыльхугъэр хохуэ пособие зратынум. Я псэуКІэр зэпэщмэ, иратынкъым, хэхъуэкІэ я Іуэхур мыщІагъуэу кьэзыгъэльагъуэ справкэ яІэми.

Мыри кьыхэльытапхъэщ. Пособие зратыр унагъуэм и балигъхэм пенсэу, стипендиеу, улахуэу е и хьэрычэтым кьыпэкІуэу зыгуэр кьащхьІэрыхьэм и дежщ. Хэхъуэ ямыІэххэмэ, ебыл и щхьэусыгъуэр жаІэн хуейщ. Псалъэм папщІэ, цІыхур лжьэну хуейуэ, апхуэдэ Іэмал имыгъэзмэ, ар гурыІуэгъэщ. Ауэ пэжьыгъэм щыужауэ, Іуэхуншэ кьабзэмэ, къэралым и кьалэну кьильытэркъым апхуэдэм дэІэпыкъуну.

● Абы дегъэпІейтей

Налшык шыгъэжапІэр зейр хэт?

«Шыхэм я дуней» телеканалым бадзэуэгъуэм и 1-м утыку кьрихьа и нэ-тыныщІэм Налшык шыгъэжапІэм зыкъиужьыжа зэрыхъунум щытепсэлъыхьащ.

СЕНАТОРОВ Максим иригъэкІуэкІа а нэтыным телелъэмыж Іэмалкіэ щызэпсэлъащ Налшык шыгъэжапІэр зи Іэмыщ1э иль, «Росипподром»-хэр Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Зайцев Дмитрийрэ Урысейм щыщІэрыІуэ шыхъуэхэм яз адыгэ щІалэ Сэкрэж Заурэ. Нэтыным аргуэру наІуэ къыщыхъуащ Налшык шыгъэжапІэр КЬБР-м кьрамытыжу зэрымыхъунур, сыту жыпІэмэ, «Росипподром»-хэр зи Іэмыщ1э иль Зайцев Дмитрий ар зыхуей хуигъэзэну и мурадкъым.

«Налшык шыгъэжапІэр «Росипподром»-хэм зэрапІэрыхьэрэ Іуэхур зэхэзэрыхьыпащ», - аращ кІэщІу Сэкрэж Заур жиІам къыпхуихьнущ. «Дэ къыдгуроІуэ, - зыхуегъазэ Заур нэтыным хэта ёзы Зайцев Дмитрий, - шыгъэжапІэм и пэжьакІуэхэм улахуэ зэрахухэбгъэкІри, сытри, абы щхьэкІэ фЫщІэ фхудощІ. ИтІани, илъэс 25-рэ хъуауэ шыгъэжапІэм сыпыщІауэ солажьэри, иджы фІэкІа къэхъуакъым шыгъажэм хэтахэм саугьэт ирамыту».

Республикэм щыщ шыхъуэхэм мызэмытІуэ кьаІэта мы псалъэмакъым кьыщыхагъэщат шыгъэжапІэр республикэм кьратыжамэ, щІынальэм и кьаурэ́кІэ абы зэрызрагъэужьыжьырынум. Ауэ Зайцевым зэрыжиІэмкІэ, уней Іуэхущ1апІэм Іэрыхьа мылъкур щІынальэ щхьэхуэм зэрыратыж кьэрал хабзэ щыІэкъым. Абы кьыхэкІыу, шыгъэжапІэр зейхэм хьэхуу кьащтэу, езыхэм я мылъку трагъэкІуадэу фІэкІа яхуэгъэлэжьэнукъым. Езым а Іуэхум хэхъуэу зы кІэнІейкІэ кьиримыт кьудейкъым, гъэ кьэс сом мелуанитІ пщІэншэу тригъэкІуэдэн хуей мэхъу. Налшык иппродромым нэхърэ нэхъ фэІдэ кьезыхьыт шыгъэжапІэ абы и унафэ щІэтхэм яхэткъым.

«Мащ1э-куэдми, шыгъэжапІэм щытІыгъ шы 207-м къапыкІ ахъшэр зыІэрыхьэр «Росипподром»-хэрщ. А зэрыжьпІэм хуэдэу хэхъуэншэ дыдэу фЫщІыщІытКІэ, щхьэ Іуэхущ1апІэр республикэм ептыж мыхъурэ? - арэзыкъым Зайцевым жиІэмкІэ Сэкрэж Заур. - Иппродромыр республикэм Іахыу уней Іуэхущ1апІэм зэрыратэ хабзэ щыщІэкІэ, шэч закъуэ кьытесхьэркъым ар кьиззэрыІахьжьыфыну Іэмали зэрыщІэм».

Шы Іуэху зезымыхуэзэ, ауэ и щІынальэм щекІуэкІыр кьызыфІэІуэху цІыхум и нэкІ уеплъмэ, нэтыным кьыбгурегъаІуэ: Зайцевым шыгъэжапІэм фейдэ кьиззэрыритым шэч хэлъхьэм, сыту жыпІэмэ, ар ахъшэ джэгухэмрэ шыгъажэхэмрэ зэрызэдгъэлэжьэн Іэмал Урысейм япэу щызыІуэхуэдиях эм, уеблэмэ, а Іуэху мыщхьэпэм телажьэ зэгухьэныгъэ кьиззэзыгъэпэщахэм я пашэщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, абы зэриухуэр шы гъэхъун Іуэхукъым, шыгъажэм хэджэгукІэхэм ахъшэ нэхъыбэ кьаззэрыІэщІигъэкІыныщ. Аращи, шыгъэжапІэр иугІыпщыжьан дэнэ кьэна, шыхъуэхэм ятрикъэузу, абы тригъэкІуадэу жыхуиІэ сом мелуанитІри республикэм Мэкъумэш Іуэхухэмкіэ и министерствэм хригъэлъхьну и мурадщ.

ШыгъэжапІэм и гугъу кьыщыхъеякІэ, дигу кьэдгъэкІыжьыну тфІэиругъуэ илъэс зыбжанэ ипкІэ профессор Кьагъырмэс Цірай кьызэрыддгъэгушыу щыта гупсысэри: «Налшык шыгъэжапІэм 1979 - 1980 гъэхэм пщІондэ адыгэш щызэрахуэу щытащ, зыхуащІари адыгэщрат ар, ауэ иджы инджышІз уанэш лъы кьабзэм зратащ. Иджыпсту нэхъ тепсэлъыхьу щІадзэжащ адыгэшым, шэч хэмылъу. Ауэ ар зыхуей хуэзэн папщІэ, кьэралым зыкъыщІигъакъуэу щытын хуейщ. Мэкъумэш Іуэхухэмкіэ министерствэм кьудамэ иІащ ар и кьалэну. «Іэщ лъэпкъыфІхэм епха хабзэми» кьалэн кьащещІ: зи бжьгъэр мащІэ хъуа псэущхьэ лІэужьыгьуэхэм кьэрал мылъку яхуэзгъэкІын хуейщ. АдыгэщІэр абы хохьэ. А гукъеуитІыр иджыпстукІэ диІэщ».

ЧЭРИМ Марианнэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, КЬБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащІэ агентствэм я лэжьакІуэхэр «КЬР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и компьютер кьудамэм и оператор **Едгуул Іэсият Хьэдис и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **Мечиев Хьэдис Алий и кьуэр** дунейм зэрэхьжам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхьу Маринэ (унафэщІ-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщІ-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудэзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкіэ - 42-57-59; щэнхабзэмкіэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжжьнымкІэ - 42-60-53; узынщагъэ хъуэмэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкіэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтекуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэльщ КЬР-м и федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыльэгъаззэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдэкІ (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, БсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудэз **Джатокуэ Марьянэ,** *редактору* **Жьэкіэмыхьу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэзбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894● Тираж 1.777● Заказ №1496